№13 (19897) hakikat_gazeta istina@etnomediadag.ru hakikat.info

АССАЛАМУ ГIАЛАЙКУМ

# ХIАКЪИКЪАТ

МАГIАРУЛАЗУЛ РЕСПУБЛИКАЯЛЪУЛАБ КАЗИЯТ

5 апрель 2024 с.
рузман

ГIИДАЛЪУЛ КЪО

## Ракъиялъги куцалев вукIун вуго инсан



Чанабилеб сон букIарабали ракIалда гьечIо, рамазан моцIалъул ахирисел къоял рукIана. МахIачхъалаялъул КIудияб мажгиталъул имамлъун вукIарав МухIамадрасул-хIажи СагIадуевас гьабураб вагIзаялъул ахиралда гьадин абуна:

*- Гьале исанаги ахиралде щолеб буго рикIкIун рахъунарелгIан рахIматал жинда жанир гIемераб рамазан моцI. ГьабсагIат нужер гIемерисезул къватIибе загьирлъулареб рохел буго тIаде щолеб бугеб кIалбиччанкъоялда хурхун. Метер-сезе росабалъе ине къачIадулел, столалда сурпа рекъезабулел ратила жакъа нужер гIагаралги. Амма, битIараб бицани, щибаб нухалъ кIалбиччанкъо тIаде щолелъул дирго ракI къварилъула.*

*ТIубараб моцIалъ Аллагьас нилъее рес кьун букIана цереккун гьарурал мунагьаздасаги рацIцIалъизе, лъикIал гIамалалги цIикIкIинаризе, таравихIаздеги хьвадун, къаси тагьажудалъул какалги ран Аллагьасде цоги манзилалъ гIагарлъизе. Гьеб киналдасаго пайда босизе кIванадай дида ва букIине кколеб хIалалда адаб гьабун рагIалде бахъанадай гьаб хирияб моцIалъулин абурал суалазги толаро рахIат. Ва гьеб киналъулго хIисабги гьабун, хирияб моцI рагIалде щолеб букIинги бичIчIун, къварилъула ракI.*

Гьесул калам щибаб соналъ щола дидаги ракIалде рамазан моцI ахиралде щолелъул. Нилъ киналго кутакалда рохун рукIуна гьеб тIаде щведал. Балагьалги нахъчIвазе, кириги гIемер гьабизе, рохелги босун вачIунев урхъарав гьоболасда гIадин дандчIвай гьабула гьеб моцIалда. Амма, бачIараб лъачIого, ахиралдеги щун батула. Исана гIадин хехго араб жеги бихьичIин абулелги рагIула. Гьединабго жо бугоха гIумру…

33 сонaлдасан нахъбуссун гьадабго моцIалде ва гьадабго къоялде бачIунеб буго кIалбиччанкъоялъул байрам. РакIалда буго, анкьго сон барав чи вукIана дун гьадинабго апрель моцIалъ кIалбиччанкъо тIаде щведал. Гьедин чанго хаселги рииги хисун, цого бакIалде бачIунеб буго. Гьелда жанибги батила цо хIикмат.

Аби буго гIорцIарав чиясда вакъарав вихьуларин абураб. Ракъарал гIадамазул щибаб къо кинаб букIунебали бихьун батила Африкаялъул мискинал пачалихъазда ругезухъ балагьидал. Бихьулеб батила Палестинаялъул Гъазаялда аза-азар бусурбанчи кIалбиччазе щибго жоги гьечIого вукIин. ГIизраилалъул зулмучагIаз гьениб жакъа къоялъги гьабулеб бугелъулха вахIшилъи.

Палестинаялъулал радакь тIаде рахъунаро кIал кквелалде цере кваназелъун, ракъун регулел ва ракъун рорчIулел руго гьел. Доб ракъул заманалда умумул гIадин. ЦохIо гьеб пикруялъго каранда цIа бакула.

МаркIачIудаса хадуб столалда тIад тIибитIараб чанго батIияб тIагIамалъул рахъарал суратал рукIуна цоцазухъе рехулел. Нилъее гьарзаго кьун буго Аллагьас кваназе щиб бокьаниги, амма чан чиха вугев чадил кесек щвелародайин абураб хьулалда. Гьале гьадинаб, гIадатиябин ккараб, амма гIажаибаб заманалда гIумру гьабун руго нилъ.

Гьаб хирияб моцIалъ Аллагьасда гьарараб къабуллъулин абула цIаларал чагIаз. Гьелде тIадеги, гьабсагIат жеги ахиралде щун гьечIо, 1000 моцIалдасаги цо жиб хириябин абулеб, Лайлатул къадриялъул сордо жаниб бугел сардалги. Мажгиталда сардалги рорчIун, Аллагьасда цере квералги ккун гьардезе рес кьун буго нилъее. Дицани, тIоцебесеб иргаялда, гьарилаан дунялалда тIад ханлъи гьабун бугеб рахIму гьечIолъиги, бусурбабазда тIад гьабулеб зулмуги т1аса босаги, БетIергьанилан. Диналъул вацас цогидасе гьабураб дугIа Аллагьас къабул гьабулин абулелъул.

Аллагьас нилъер киназулго ккурал кIалалги, гьабураб лъикIаб гIамалги, рарал таравихI какалги къабул гьарун ратаги. ТIадеялъул бачIунеб къоги гьадин рохалида, гъорлъа чи камичIого дандчIвалеб батаги.

Баркула киназдаго тIаде щолеб кIалбиччанкъо!

*Ашахан ЮСУПОВ*

ИХДАЛИЛАБ АХIИ

### Армиялде ахIизе руго 30 сон базегIан



2 гьум. >>>

МИЛЛИЯБ БАСМАЯЛЪ- 107 СОН

### «Хочол партиялъул» ахIи: «Дуего бокьулареб цогидазеги гьабуге»



5 гьум. >>>

КУЛЬТУРА ВА ЛЪАЙ КЬЕЙ

### Школалда малъун мацI лъалеб букIарабани…



10 гьум. >>>

ИХДАЛИЛАБ АХIИ

# Армиялде ахIизе руго 30 сон базегIан

## Амма Украинаялде щивго витIизе гьечIо

**ТIоцебесеб апрелалдаса нахъе улкаялда байбихьана гIолохъаби армиялде ахIияльул ихдалилаб тадбир. ТIубараб улкаялдаса исана ахIизе ракIалда буго 150 000-гIанасев чи. Дагъистаналдаса ватIан цIунулезул къеразулъе къабул гьавизе вуго 4000-гIанасев гIолилав. Гьадин бицана «Дагестанская правда» газетальул редакциялда тIобитIараб пресс-конференциялда республикаяльул рагъулав комиссар Даитбег МустIафаевас.**

**ТIоцебесеб январалдаса байбихьун гьарурал хиса-басиязда рекъон, армиялде ахIулел гIолохъабазул ригь цIикIкIинабуна. Цебе 27 сонил ригьалде рахинегIан ахIулел рукIун ратани, гьанже ахIулел руго 30 сон базегIан.**

**Д. МустIафаевас бицана гьоркьиса хаслихъе гIолохъаби армиялде ахIияльул тадбиральул ккараб хIасилальул хIакъальульги.**

**- 2023 соналъул октябрь моцIалдаса декабралде щвезегIан Дагъистаналдаса ватIан цIунулезул къеразулъе ахIана 3500 гIолилав. БукIинчIо щибго гIунгутIи ялъуни дандчIвараб захIмалъи, - ян бицана Д. МустIафаевас.**



### Лъабго сон тIадеги бахъана

Щай ва сунда бан армиялде ахIулезул ригь цIикIкIинабурабин абураб суалалъе гьадинаб жаваб кьуна рагъулав комиссарас:

- Оборонаяльул министерстволъ гьабураб хIукму буго гьеб. Щиб гIилла гьелъие букIарабилан гьикъани, дир жаваб гьечIо. Дун вуго тIад ругез гьабураб хIукму тIубазабулев чи. Амма дир пикруялда, армиялда хьулухъ гьабизе бокьарал гIемерлъун рукIиналда бан гьабураб хIукмуги батизе бегьула гьеб. Гьаниб мухIкан гьабила цо гьадинаб баянги. 2024 соналъул январалдаса хадуб 27 сон тIубарал чагIи гурони цIияб ахIиялде гьоркье ккезе гьечIо. 2023 соналъул декабрь моцIрол ахиралда 27 сон тIубарав чи, цевего гIадин, армиялде ахIулеб ригьалдаса аравлъун рикIкIуна ва гьесие рагъулаб билет кьола учеталдаги лъун.

Кидаго гIадин, тIоцебесеб иргаялда, ахIизе руго рагъулаб гIелмуялде дандекколеб махщалие куцарал, машинаби рачине изну кьураб документ бугел гIолилал.

Гьанибго абила, армиялде ахIарал гIолилазул цонигияв СВОялда гIахьаллъизе витIизе гьечIо. Гьединго армиялде ахIулел ритIизе гьечIо Россиялъул цIиял регионаллъун тасдикъ гьурурал Херсон, Луганск, Донецк ва Запорожьеялъул республикабаздеги.

Халкъалда гьоркьоб тIибитIун буго армиялда хьулухъ гьабиялъул болжал цIикIкIинабизе рагIулин абурабги. Гьеб буго кьучI гьечIеб хабар.

### Контракт хъвазе бегьула тIоцебесеб къоялъго

ЦIияб жолъун ккола, масала, армиялде ахIарав гIолилас, гьесие бокьани, бачIинахъего контракталда рекъон хьулухъ гьабизе бегьулеблъи. Цебе букIараб низамалда рекъон, хьулухъ гьабизе ахIаралдаса лъабго моцI ун хадуб гурони хъвалароан контракт. Гьанже рес кьун буго армиялде ахIараб тIоцебесеб къоялъго хъвазе.

### Рахчун тIураларо, гIолохъаби, нуж

Пресс-конференциялда борхана рахчарулел гIолохъаби гIемер ругищин абураб суалги.

- Гьединал гIолохъаби руго. ГIага-шагарго 5000-гIанасев чи вуго гьединазул сияхIалда. ГIемерисеб мехалда гьел (гIолохъаби) ратуларо цебеккун хъвай-хъвагIай гьабун букIарал бакIазда гIумру гьабун. Гьеб адресалда рекъон ритIула гьезухъе повесткаби. Данде жаваб гьабичIеб мехалда уна ниж гьезухъе рокъоре. Гьелин абуни, цогидаб бакIалде ун, рахчун ратула. КигIан гьез хIаракат бахъаниги, рахчарун тIубаларо, кида-къадги гьел ратула ва тамихIалдаса рорчIилинги кколаро. Гьел жанир тIамуларо, амма административияб тамихIалде цIачIого толаро.

### «КIудадабазул» заман ана

Даитбег МустIафаевасда гьикъана дагъистанияз хьулухъ гьабулеб бакIалдаса, гьезда тIасан рачIунел гIарзал гIемер ругищин абуни. Гьединго «дедовщина» абураб бичIчIи жеги чIаго бугищин.

- Кинаб «дедовщинаялъул» нужеца бицунеб, нилъер армиялда гьеб жеги хутIуниц бугеб? - илан гIажаиблъи гьабураб гIадин, дандего суал кьуна рагъулаб комиссарас. - Нилъер гIолохъабаз хьулухъ гьабулел бакIаздаса, командирзаби гьездаса рази рукIиналъул бицун хъварал кагътал рачIуна.

Гьайгьай, гIолохъаби ругел бакIазда цоцазда ричIчIунгутIи гIадал жал ккечIого хутIуларо. Гьединал хIужабиги камулел гьечIо. Амма гIорхъолъа рорчIарал лъугьа-бахъинал гьечIо, хадурккун рукIинеги ратиларо. РакIбацIцIадго ватIаналда цебе хьулухъ гьабизеги бокьарал, рагъулаб низамалда берги къаларел гIолохъаби нилъер гIемер руго. Гьеб буго жакъа бищунго рохизе ккараб ишги.

*А. ЮСУПОВ*

БАРКИ



«ХIакъикъат» газетальул хIалтIухъабаз РФялъул Пачалихъияб Думаялъул депутат Сайгидпаша ГIумахановасда баркула гьавураб къо.ХIурматияв Сайгидпаша Дарбишевич!

Халкъалда мун лъала миллияв цевехъанлъун гуревги, къоккаралъув ватулев унго-унгояв магIарулав хIисабалдаги, гIадамазул къваригIел тIубалев бусурбанчи хIисабалдаги.

ВатIаналъул парахалъиги цIунун, СВОялда ругел дагъистаниязе дуца жакъа къоялъги гьабулеб буго кIудияб кумек. Гьединго дур кумекалъулаб квер щола ялгъузазухъе, мискин-пакъирзабазухъе, унтаразухъе, хIакимзабаз къварид гьаруразухъе, ритIухълъиялда хадур лъугьаразухъе. Мун рикIкIуна миллаталъул мугъчIвалеб къурулъунги магIарул халкъалъул щулияб къолденлъунги.

Гьарула дуеги дур хъизан-лъималазеги щулияб сахлъиги сахаватлъиялъе, чилъиялъе дагьабги тIадегIанлъиги.

АхIуд рахъаразул цебесеб кьерда,
Халкъилан гурони, напсин ахIичIев.
Миллаталъул къисмат – араб, бачIунеб
МатIулъун лъугьана дур къисматалъул.

ВатIаналъул ургъел дураблъунго ккун,
РитIухълъи цIунизе сангарлъун чIарав.
Мун Дагъистаналъул букIинеселъул
Пикрабазда вуго – свак лъалеб гьечIо.

Гьаб бихха-хочараб заманаялда
Зазлъун хIенчана мун хIалихьатазда.
Дагъистан цIунизе, цIар борхат ккезе,
Дур багьадурлъиялъ байрахъ борхана.

***РЕДАКЦИЯ***

ТАРИХ

**107** сон. Гьелгощинал сонал ана миллияб газета биччазе байбихьаралдаса нахъе. 1917 соналъул 3 апрелалда къватIибе биччараб тIоцебесеб газеталда цIар букIана «Заман». Гьеб гIуцIана машгьурав революционер МахIач Дахадаевас ва гьесул кумекчIужулъун йикIана Шамил имамасул вас МухIамадшапигIил яс Написат Дахадаева.

СПОРТ

# «Танкалъе» гъураб къор

**Халкъазда гьоркьосеб Олимпиялъул комитеталъул (МОК) хIукмуялдалъун, ГIабдулрашид Садулаев махIрум гьавуна Бакуялда тIобитIулеб бугеб эркенаб гугариялъул турниралда цеве вахъиналдаса.**

**5 апрелалда гьениб байбихьана Европаялъул Лицензиялъулаб турнир. Гьенир бергьаразе рес щола риидал Парижалъул Олимпиадаялъул хIаязде рорчIизе. Гьелде хIадурлъулев вукIана ГIабдулрашидги. Амма МОКалъ хIадур гьабураб цо хасаб сияхIалде гьоркьове ккана гьев. Гьелда руго Бакуялда тIобитIулеб турниралда гIахьаллъизе изну гьечIел спортсменазул цIарал.**



Гьеб кIиабилеб хIужа ккана ГI. Садулаевасе халкъазда гьоркьосеб спортивияб идараялъ кваlквал гьабураб. Исана февралалда гьев виччан вукIинчIо Бухаресталда тIобитIараб эркенаб гугариялъул рахъалъ Европаялъул чемпионаталде. Шенгеналъул визаялъул кумекалдалъун Италиялдаса сверун, квешги лъикIги Бухаресталде ворчIарав гьев, аэропорталдасаго нахъвуссинавуна таможниялъул хIалтIухъабаз.

Халкъазда гьоркьосеб гугарухъабазул цолъараб гIуцIиялъ (UWW) лъазабуна гьеб жидеца гьабураб хIукму гурин, ай МОКалъ гьабураб бугин. Лъица гьабун батаниги, Россиялъул гугарухъабазул тIаса бищараб командаялъ ГIабдулрашидил бакIалде Бакуялде витIизе цоги спортсменасда цIар чIвана. Гьев ккола ГIалихан ЖабрагIилов.

# Тарихалда хадур - гендерил кIкIалахъе

**3 апрелалда гендерил къварилъухъе зиярат гьабуна нилъер умумузул тарихалъул кIвар бугел, гьелъул лъалкIда хадур лъугьарал ракьцояз.**

**Гьелъие квербакъана гендерил жамагIатчагIи МухIамад ГIалихIажиевас, росдал администрациялъул нухмалъулев Шамил МухIамадовас, Генуб тарихиябгун гIагараб ракь лъазабиялъул музеялъул нухмалъулев МухIамадсултан ГIабдулаевас, Культураялъул рукъалъул директор ГъазимухIамад Камиловас, РФялъул Пачалихъияб Думаялъул депутат Сайгидпаша ГIумахановасул кумекчи МухIамад ХанмухIамадовас, «АхIулгохI» гIуцIиялъул нухмалъулев Гьайирбег ГIабдулаевас, жамгIияв хIаракатчи МухIамад Шамиловас ва цогидаз.**



Цого къоялъ ГъазимухIамадида цадахъ шагьидлъарав Харахьиса гIалимчи ГIалихIажиясулги бицана МухIамадсултаница. Зама-заманалдасан рачIун гьесул наслуялъул чагIаз къачIалила гьесул хоб (гендерил хабалалъ вукъун вуго гьев).

Цин байбихьана Дагъистаналъул тIоцевесев имам ГъазимухIамад шагьидлъараб къоялъ (1832 с.) Шамил кIанцIараб бакIалдаса. МухIамадсултан ГIабдулаевас бицухъе, гендерида ракIалда буго имамзабазул заманалдаго гьениб букIараб си цIигьабизе. ГьабсагIаталда ганчIил гохI буго гьениб. 1997 соналда гьениб тIадехун цIияб си базе лъугьиндал, Турциялдаса рачIарал студентаздасан лъан буго гьезда жаниб чанго рукъги бугеб некIсияб си гьениб букIараблъи.

Гьенисан киналго Генуре, ГъазимухIамад имамасул хабатIе рахине ана. Байбихьуда МухIамадсултаница ракIалде щвезаруна гьев шагьидлъараб мехалда гьесул вукIарав мугIалим ГьаракIуниса СагIидица абурал рагIаби: «Аз гъазават байбихьараб мехалда СагIид гьаздаса ватIатIун, гIурусазухъе уна, гьезул рахъалда ругел бусурбабазул муфти гIадав чилъун вукIуна шагьаралдаса гIебеде. Имам ГъазимухIамад чIвараб мехалда тIаде вачIуна СагIид. Бадиса магIу бачIуна гьесул, имам вихьидал. Цинги, жаназаялдеги къулун, гьес абула, гьаб жо гьадин кколеблъи бицун букIинчIищ, Гьозо, дица дудаян. Гьозоян абулеб букIун буго СагIидица гьесда. Хадуб гьенибго къулгьуги цIалун буго гьес ГъазимухIамадие. Гьосдасан лъан буго гIурусазда гьев чи имам вукIин. Хадуб СагIидица абун буго гIурусазда гьав чи гьанив вукьани, муридзаби лъугьине ругин гьесул хабатIе зиярат гьабизе, гьединлъидал гьев батIияб бакIалда вукъизе кколилан. Гьедин вачун вуго гьев Таргъуялде, гIурусазул казармаялда цеве вукъунги вуго».

Хадуб МухIамадсултаница бицана 1843 соналда бажаранила ГъазимухIамадил жаназа Генуб букъизе. ЧIвазе къотIарав чи вукIун вуго, имам Шамилица рагIи кьун буго, Таргъуялдаса ГъазимухIамадил жаназаги босун, росулъе вачIине бажарани, жинца мун чIаго телилан. Бажарун буго гьесухъа гьеб (битIун хабалъа жаназаги бахъун, къватIире рахъине хIадурулеб мехалда макъидаса рорчIун, гIурусал гьезда хадур къвагьдезе байбихьаниги).

ГъазимухIамадида цадахъ гьеб зияраталда рукъун руго гьесул хъизан ПатIиматги, имам Шамилил ясги, гендерил музеялъул заведующий МухIамадсултанил эменги (цIаларав чи).

Цого къоялъ ГъазимухIамадида цадахъ шагьидлъарав Харахьиса гIалимчи ГIалихIажиясулги бицана МухIамадсултаница. Зама-заманалдасан рачIун гьесул наслуялъул чагIаз къачIалила гьесул хоб (гендерил хабалалъ вукъун вуго гьев).

Цинги къваридал къватIаздасан къокъун, гендерил къулгIадухъе щвана зияраталъ рачIарал гьалбал. 1910 соналда ГIабдула-устарас бараб гьеб архитектурияб памятниклъун рикIкIине бегьула.

ТамихI гьабун (ссылкаялъ) кIицIулниги Калугаялдеги витIарав чи вукIун вуго гьев. Большевиказул заманалда лъабабизеги гьенивего витIулелъул, Хъараниве щведал хун вуго.

ГъазимухIамад Камиловас бицухъе, динияб лъай гуребги, росулъ батIи-батIиял бакIал разе махщелги букIун буго гьесул. Амма доб заманалда рукIарал шартIазда гьададинаб къулгIа базе ккани, цо чанго соналъ бакIал раялъе, инженерлъиялъе цIалун вукIине ккола чи. Жанисан кIамурабиги гьаруараб, батIа-батIаго щивав чи чвердезе къотIелалги рутеб, ичIго метр борхалъиялдаги бугеб бакI ккола гьеб.

ПалхIасил, ГIабдула-хIажиясул нухмалъиялда гьоркь балеб букIун буго гендерица къулгIа. Цо заманалда гьесул вацгIал лъугьун вуго дагIба гьабизе расги лъимгицин гьечIеб бакIалда балеб жойищин къулгIа букIунеб, гIадада хIалтIизарулел ругин дуца росдал гIолохъабиян. КIиязулго гьоркьоблъигицин хун буго гьеб сабаблъун. Рахъ-рахъалде ун, къадахъабиги лъугIун руго, лъабго чи хутIизегIан. Гьеб мехалда вачIун ГIабдула-хIажияс гIанса кIутIун буго, гьаб бакIалдасан бухъеян. ЦинтIаго лъим кIанцIун бачIун буго къватIибе. Гьелдаса нахъе ракьулъан чвал-чвалиялда бачIунеб буго гьеб.

Гьев ГIабдула-хIажияв вукъараб зияраталдеги щвана гьалбал. Гьениб аскIобго балеб буго 150 чиясе бакI бугеб кIитIалаяб мадрасаги (муфтияталъул филиал хIисабалда).

Гьеб ишалъе нухмалъи гьабулеб буго гендерил жамагIатчи ГIалихIажиясул МухIамадица. Гьес бицана нусгоялдаса цIикIкIун соназ цебе гьеб бакIалда дов ГIабдула-хIажи-устарас бараб мадраса букIанила 35 рукъги жаниб бугеб.

Дагъистаналда цIар рагIарал гIалимзаби гьанир цIалун руго. Масала, Къохъа СултIанмухIамад, имамасда цадахъ вукIарав Загъалав…

ГIалихIажиясул МухIамадица 2010 соналда байбихьун буго гьениб цIияб мадраса базе. Гендерица гуребги гIезегIан чагIаз кверчIванги буго гьелда. Амма гендерида сверухъ ахIи-хIур гIемерал сонал рукIиндал, доб мехалда цо-цоял нахъе къалел рукIун руго кумек гьабизе. Гьединлъидал бищун жидее хIажатаб мехалда ватарав чи Сайгидпаша ГIумаханов вугилан ракIалде щвезабуна МухIамадица (гIарцул кIудияб кьадар кьун бугоан гьес). Гьанже рагIалде бакIарун буго гьениб гьабизесеб хIалтIи. КъваригIараб-тараб къайи-цIаги буго гIадамаз садакъадуй бачIун. КIалбиччан хадуб лъугIизе батила гьеб.

Зияратазде щун хадуб гьалбадерие ва магIарухъе-нахъе машинабазда хьвадулел гIадамазе кIал биччазе тепсиги гIуцIун букIана гендерил кIкIалахъ. Гьелъиеги квербакъун бугоан Сайгидпаша ГIумахановасги гендерил гIолохъабазги. Гьебги цогидалги жамгIиял ишазулъ гIахьаллъаралъухъ гьезие имам Шамилил хIакъалъулъ хъварал тIахьал ва грамотаби сайгъат гьаруна церехун рехсарал МухIамад ХанмухIамадовасги Гьайирбег ГIабдулаевасги.

***Зульфия ХIАЖИЕВА***

## Спорт

ГIабдулрашидидехун МОКалъул гьединаб бербалагьи букIиналъе аслияб гIиллалъун рехсолеб буго гьес СВОялъул рахъкквейги, гьединго «Динамоялъул» вакил гьев вукIинги.

Гьединабго пикру буго «Молодежь Дагестана» газеталда спортивияб тема бачунев Руслан Бакидовасулги:

- «БичIчIизе захIмалъулеб буго МОКалъ гьанже рахъун щай гьединаб хIукму гьабурабали. ГIабдулрашидица СВОялда хурхун загьир гьабураб пикруги, гьев «Динамоялъул» вакил вукIинги бальгояб жо букIинчIо. Амма хIукму къватIибе рагIизабуна Бакуялда Европаялъул Лицензиялъулаб турнир байбихьизе цо къо хутIидал.

Гьанже гьелда гьабизе жо гьечIо, бугелда гIейги гьабун рукIина. ГIабдулрашидил бакIалда гугаризе вугев ГIалихан ЖабрагIилов гьунар бугев речIчIухъан ккола. Щиб лъалеб, гьесиеги битIккезе бегьула», - ян бицана Руслан Бакидовас.

Хьухьикьан баккараб бакъул чIор гIадинаб бугониги, ГIабдулрашидил рес бугин, кин букIаниги, Олимпиадаялде ворчIизеян пикру загьир гьабуна спортивияв обозреватель Мурад Канаевас.

- Бакуялда ГIалихан ЖабрагIилов бергьани, тренеразул штабалъ тIаса вищизе ккола Парижалде витIизе вугев чи. Щайин абуни, регламенталда рекъон, ГIалихан ЖабрагIиловас Бакуялъул турниралда тIалаб гьабулеб путевка ккола улкаялъул тIаса бищараб командаялъе балагьулеб лицензия (жиндиего гуро). Гьединлъидал гьениб буго гьадинаб нух: тренеразул штабалъ квалификациялъулаб речIчIиги гьабун, кIиялго гугаризе риччазе ва бергьарав Парижалде витIизе.

Бегьула гьадин ккезеги. Масала, ЖабрагIилов нагагь Бакуялда тIобитIараб турниралда къуни, маялда Стамбулалдаги букIине буго цоги турнир. Гьеб ккола Парижалъул Олимпиадаялде путевка тIалаб гьабизелъун тIобитIулеб ахирисеб квалификациялъулаб турнир. Гьениб тренеразул штабалъ тIаса вищизе ккола гьениве унев чи. Гьеб мехалде щвезегIан МОКалъ ГIабдулрашидидехун лъазарурал гьукъа-къаял чуч гьаруни, гьесул рес буго Олимпиадаялде ворчIизе, - ян рикIкIунеб буго Мурад Канаевас.

Гьайгьай, кин ккелебали заманаялъ бихьизабила. Амма жакъа бугеб ахIвал-хIалалда рекъон, ургъунго батаниги, хIилла-макруялдалъун батаниги, Садулаевасе нухал къалел руго Олимпиадаялъул хIаязда гIахьаллъизе ва лъабабилеб нухалдаги чемпионлъун вахъине.

***Ашахан ЮСУПОВ***

МИЛЛИЯБ МАЦI ВА ЕГЭ

# ХIакимзабазецин захIмалъулеб ЕГЭ

**Дагъистаналда тIобитIана «Кьолеб буго цадахъ. Эбел-инсуца ЕГЭ кьолеб къо» абураб акция.**

**ЕГЭ кьуна ДРялъул пачалихъиял идарабазул вакилзабазги. МахIачхъалаялъул №7 гимназиялда гьез кьуна гIурус мацIалъул, математикаялъул ва тарихалъул экзаменал.**

Экзамен кьуна гьаб макъалаялъул авторалъги. Кинабго гIуцIун букIана цIалдохъабазухъа экзамен къабул гьабулеб гIадин. ДРялъул Лъай кьеялъул ва гIелмуялъул министерствоялъул вакилзабаз хIалбихьана, экзаменалъул гIуцIарухъабиги махсараде ккун (масала, телефон бахчун), экзаменалде босизе гьукъарал жалгун жанире рорчIизе. Амма гьезухъа гьеб бажаричIо. Маххул алат цадахъ бугищали халгьабуна, телефонал ракIарана ва хасаб гъутухъалъур рахчана. Паспорт цадахъ гьечIев чи экзаменалде виччачIо. Къокъго абуни, хIакъикъияб экзаменалда гIадинаб низам букIана.

№7 гимназиялда ЕГЭ кьолеб букIана анлъго къокъаялъ – щибалъул хIадурун букIана сияхI ва чIезабун букIана хасаб аудитория. Аудиториялда нижеда дандчIвай гьабуна экзаменалъул гIуцIарухъабаз. Щивасе бихьизабуна гIодов чIезе бакI. Цин гьаруна экзаменалъул тIадкъаял тIуразариялъе ва кагътал цIезариялъе хIажатал малъа-хъваял. БичIчIизабуна, къваригIел гьечIеб рагъари гьабуни (мисалалъе, гIодобе бортараб ручка кодобе босани), аудиториялда чIезабураб видео-камераялдасан гьеб бихьулин экзаменалда хадуб халкколезда ва тIолабго классалъул экзаменалъул хIасилал хIакъикъиял гуреллъун рикIкIине рес бугеблъи.



ТIадкъаял тIуразариялъе чIезабураб заман лъугIидал, кинальго ракIарана данделъабазул залалда. Гьениб щивас загьир гьабуна жиндирго пикру. «РахIатхвараб хIал букIана, экзамен хIакъикъияб гуреблъи дида лъалеб бугониги. Лъималазухъа кин бажарилеб сабруялда гьеб кьезе», - ян абураб пикру букIана гIемерисезул.

Экзаменалде кватIаниги, гьеб кьезе рес щвана ДРялъул лъай кьеялъул ва гIелмуялъул министр ЯхIя Бучаевасеги. Амма гьесие цIидасан малъахъваял гьаричIо – цогидазе квалквал гьабунгутIиялъул мурадалда. Гьес вачIинахъего тIуразаризе ккана экзаменалъул тIадкъаял. Экзаменалде гьев кватIиги ккола кватIарав цIалдохъанги гьеб кьезе виччалеблъи бихьизабизелъун ургъараб иш.

Экзаменалъул гIуцIарухъаби Париза Мурадисовалъги Екатерина Антоновалъги абуна, эбел-инсуда экзамен кьезаби кутакалда пайдаяб иш бугин абун. «ЦIалдохъабазда цадахъ, классалъул нухмалъулей хIисабалда, кидаго уна дунги. Экзамен байбихьилалде гьел рукIуна, битIахъе гIисинлъимал киниги, рахIатхун. Гьезул ракI чучизабулеб хабар бицуна дица. Жидерго ургьел бикьула гьезги. Эбел-инсуца гьезие бицине ккола, экзаменалда кинабгIаги хIинкъи букIунарин, гьеб кьун бажаричIони, цоги нухалда кьезе толин абун.

Жакъа экзаменалда бихьулеб букIана цIалдохъабиго гIадин, улбузулги рахIатхун бугеблъи. Хьул буго, лъималазда гьез экзаменалъул хIакъикъат бичIчIизабилялде», - ян бицана П. Мурадисовалъ.

Е. Антоновалъул пикруялда рекъон, цIалдохъабаз лъикIал хIасилалгун ЕГЭ кьола, цIалул заманалда чанцIулго хIалбихьиялъулаб экзамен тIобитIани. «Гьоркьиса дун цIалдохъабигун ун йикIана батIияб школалда хIалбихьиялъулаб ЕГЭ кьезе. Нилъерго школалда тIобитIараб экзаменалде гьедигIанго кIвар кьолеб букIун гьечIо лъималаз. БатIияб школалда гIуцIараб экзаменалде бербалагьиги тIубанго батIияб букIана гьезул – жавабчилъи бичIчIун, хIакъикъияб экзаменалда гIадинаб. Гьелъул хIасилазухъ балагьун, лъималазда бичIчIана жидерго загIипал рахъал ва хадурккун тIадчIун цIалдана гьел. Гьезулъ сабурлъи халлъана, жибго экзаменалда букIунеб гIадаб рахIатхвейги букIинчIо. Гьелдаго цадахъ цIалдохъабазда лъана хIакъикъияб ЕГЭялда кинаб хьвадачIвади жидер букIине кколебалиги. Дарсида учителасги рокьоб эбелинсуцаги цIалдеян абулеб бугониги, хIалбихьиялъулаб ЕГЭялъ кьураб дарс гIемерго пайдаяблъун лъугьана гьеб тадбир», - ан бицана гьелъ.

Гьеб къоялъ республикаялдаго ЕГЭ кьуна 2500-ялдаса цIикIкIун чияс.

# Карел мацIалъул къваридаб къисмат

**ДГУялда тIобитIана рахьдал мацIазул къисматалъул хIакъалъулъ бицараб дандеруссин. Гьеб гIуцIун букIана РАНалъул МацIал цIуниялъул, цIигьариялъул ва миллиял мацIазда документал гIуцIиялъул централъулги ДГУялъул Рахьдал мацIазул цIех-рех гьабиялъул централъулги хIаракаталдалъун.**



Эбел-инсул разилъиялдалъун, рагьана рахьдал мацIалда цIали гIуцIарал классал.

РАНалъул гIелмияб централъ батIи-батIиял тадбирал гIуцIулел руго жал тIагIиналъул хIинкъи бугел Россиялъул халкъазул мацIазул цIех-рех гьабиялъул мурадалда. Масала, гьез рагьун буго «Лъималазухъе мацI кин кьелеб» абураб онлайн-школа. Централъул хIаракаталъулгун лъай-хъвай гьабизе бегьула https://iling-ran.ru/web/ru/departments/languages_of_russia гьаб ссылкаялда рекъон. ГIелмияб библиотекаялда тIобитIараб дандеруссиналдаги видеобухьеналдалъун гIахьаллъана рехсараб централъул хIалтIухъабиги. Тверь шагьаралдаса дандеруссин нухда бачана централъул хIалтIухъан Ольга Павловалъ.

МахIачхъалаялда йикIана централъул хIалтIухъан Анастасия Евстигнеева. ГьабсагIаталда Дагъистаналда йигей гьелъ ракIарулел руго хайдакъ мацIалъул хаслъи рагьулел хIужаби. Цадахъго хIадурулел руго гIолеб гIелалда мацI малъиялъе квербакъулел алаталги. Масала, цIалдохъаби ругьун гьарулел руго комиксал рахъизе ва гьезие рахьдал мацIалда текстал хъвазе; хайдакъазул мацIалде руссинарулел руго мультфильмал.

«Карел мацIалъул рукъ» абураб регионалияб жамгIияб гIуцIиялъул мацIазул рахъалъ проектазул нухмалъулей Наталья Антоновалъ бицана жиндир рахьдал мацIалъул бугеб ахIвал-хIалалъул хIакъалъулъ. Бищунго пашманаб хIужалъун рехсана гьелъ миллияб мацI лъалел карелазул хъизамал тIубанго тIагIиналъул хIинкъи букIин. «Миллаталъул мацI лъазабиялъе квербакъулеб цониги тIехь, газета дида батичIо. ГIицIго дир эбел-эмен карел мацIалда кIалъалел рукIиналъ кумек гьабуна дие гьеб лъазабизе. Жакъа ракIчIун абила дица: рахьдал мацI малъизе ккола хъизамалда. Гьеб бицине ккола кваналелъул, цадахъаб хIалтIи гьабулелъул, лъималазе накъитал гьаризе ккола рахьдал мацIалда», - ян бицана гьелъ, миллияб мацI цIуниялъе квербакъулел тадбиразул хIакъалъулъ бицунаго.

Александр Блиновас бицана Чувашиялда рахьдал мацI лъазабиялъул хIакъалъулъ. «КIудияб квербакъи ккана байбихьул школалда чуваш мацI малъиялъулги. Эбел-инсул разилъиялдалъун, рагьана рахьдал мацIалда цIали гIуцIарал классал. Гьел классазда цIалулел рукIана цогидал миллатазул вакилзабиги. Гьенир чуваш мацIалда кьолаан музыкаялъул, сверухъалъиялъул ва физкультураялъул дарсал. Киналго цIалдохъабазе – чувашав вукIин кьочIое босичIого – кьолаан гьел дарсал. Гьединаб хIалтIул хIасилалда рехсарал классазда цIалулел лъималазда кьерилаздаса гIемерго лъикI лъана рахьдал мацI. Гьелдаго цадахъ, цогидал классазде дандеккун гIурус мацIалъул дарсал дагь рукIаниги, кинабгIаги къварилъи ккечIо гьезда гIурус мацI лъаялъул рахъалъги. Ингилис мацIгицин, цогидазде дандеккун, лъикI лъана гьел цIалдохъабазда», - ян бицана А. Блиновас.

Видеобухьеналъул гIахьалчагIазухъ гIенеккидал, ракIалде ккана Дагъистаналда мацIал цIуниялъул иш гIезегIанго лъикI бугилан абун. Карелиялъул, Удмуртиялъул ва цогидал регионазул вакилзабаз бицухъе, рахьдал мацIалда кIалъалел гIадамазул къадар гьениб цIакъго дагьлъун буго. Масала, Карелиялда рахьдал мацIалда кIалъаларо хъизамазул 99,9 процент. Цо-цо жигарчагIаз хIаракат бахъулеб буго гьениб батIи-батIиял хIаяздалъун, дидактикиял алатазул кумекалдалъун карелазул мацI цIигьабизе. Нилъер росабалъниги бицунеб бугелъул рахьдал мацI, гьеб жеги цIунун хутIила. Амма бокьилаан шагьараздаги рахьдал мацIалда кIалъалел гIемерлъизе. Карелазул гIадинаб къисмат ккечIого букIине!

*Кавсарат СУЛЕЙМАНОВА*

# «Хочол партиялъул» ахIи: «Дуего бокьулареб цогидазеги гьабуге»

**Исана миллияб газеталъул тарихалъул хIокI 107 соналде бахунеб буго. Гьебгощинаб заманалда жаниб газеталда хIалтIана гIезегIан чи, хьвана ва бицана дунялалда кколел лъугьа-бахьиназулги хиса-басиязулги хIакъалъулъ. Заманалда рекъон хисана басмаялъул цIаралги, редакторзабиги, хIалтIухъабиги. Цоял уна, цоял рачIуна, амма цо сон гьоркьоб течIого къватIибе биччана магIарул мацIалда газета.**

**Цебе кин газета гьабулеб, щиб хъвалеб букIарабин абун гIемер щола архивалда ругел тIогьиллъарал тIанчал регизе. Ратула гьенир цере хIалтIулел рукIарал, гьанже нилъгун гьечIезул цIаралги гьез хъварал макъалабиги.**

**Жакъа бицен гьабизе бокьун буго 1950-абилел соназда «БагIараб байрахъ» газеталда хIалтIарав Хунзахъ росулъа ХIамзатов Хочо-МухIамал хIакъалъулъ.**



«БагIараб Байрахъ» газеталъул 50 сон тIубаялде ХIурматалъул знак кьолаго. ГI. Даниялов, М. Шамхалов, Х-М. ХIамзатов. 1958 сон



## Баян:

**Хочо гьавуна 1911 соналда ва хвана 1999 соналъ. ХIалтIана газеталъул жавабияв секретарьлъун. 1941 соналъул 26 июналда ана армиялде. ГIахьаллъи гьабуна КIудияб ВатIанияб рагъда. Нахъвуссиндал цIидасан вачIана редакциялде. 1948 соналъул 1 сентябралда партшколалде цIализе инална бан, хIалтIудаса нахъе ана. Партшкола лъугIун хадув хIалтIана партиялъул идарабазда, Хьаргаби райкомалъул тIоцевесев секретарьлъун.**

**Заманалдасан нахъеги редакциялде тIадвуссана. 1958 соналъул 16 январалдаса 1972 соналъул 28 февралалде щвезегIан, ай пенсиялде инегIан «БагIараб байрахъ» газеталъул редакторасул заместительлъун хIалтIана.**

**Х.-М. ХIамзатов кколаан ДАССРалъул ва РСФСРалъул культураялъул мустахIикъав хIалтIухъан.**

## Лъабго эмен

Хочол яс Рашидат ккола Даниялովасул васасул лъади. Жиндаго бихьаралъул ва гьитIинаб заманалъул хIакъалъулъ гьадинал ракIалдещвеял руго **Рашидат Данияловальул**.

Дир тIоцевесев эмен Хочо-МухIама гIемерисезда лъала. (ТIоцевесевин абиялъе гIилла буго, дир гIумруялъулъ лъабго эмен вукIин). Гьев хIалтIана журналистлъун ГIахьвахъ, Болъихъ, Хьаргаби районазда. ГIемерал соназ гьабуна «БагIараб байрахъ» газеталъул редакторасул заместительлъи.

КIудияб ВатIанияб рагъул соназул тIоцересел къояздаго ана фронталде. Гьеб мехалда дица лъагIел бан букIана. Эменги рагъде ун, дун гIезаюрав ва тарбия кьурав чи ккола Арбулиев МухIамад, инсул яцалъул бетIергьанчи. (Районалъул нухмалъиялда вукIун, гьев рагъде вачинчIо). Гьесул гъуждузде бегана кIудияб жавабчилъи, гIагарлъиги, хIалтIиги, сверухъ букIараб рахIат хвараб ахIвал-хIалги. Дидехун Арбулиевасул букIана инсулго гIадаб бербалагьи. ГьитIинай гIадан дида кколаан гьев дир эмен вугилан.

Рагъда лъукъарав дир эмен госпиталалдаса хадув цIидасанги фронталде тIадвуссуна. Рагъ лъугIула, Кенигсбергалда Бергьенлъиялда дандчIвайги гьабун, жеги лъагIел бала инсуца Белоруссиялъул рихxарал шагьарал цIидасан ралел бакIазда.

Гьениса тIадвуссингун, дида лъана щуго соналъ хъизаналъухъги урхъун, фронталда дир унго-унгояв эмен вукIараблъи.

Ворхатав, берцинав, гIодове виччарав ва каранда кенчIолел орденалгун – гьале дир цоги эмен. Дир вуго кIиго эмен, дидаса талихIав чи дунялалда ватиларин кколаан. Гьел кIияздего дир букIана унго-унгояб рокьи. Паспорт босулеб заманалдацин, дица кIиявго инсул цIаралги росун Хочо-МухIамадовнаян хъвана отчество. Дир эмен Хочоеги рекIее гIуна гьеб. Гьес кидаго абулаан лъималазулъ хIурмат-хъатир куцараб гIоларин, гьеб бихьизабизеги лъазе кколаин абун.

МухIамад Арбулиевас тылалда хIехьезе кканa, эмен Хочоца рагъда хIехьезе ккарабго гIадаб захIмалъи. Гьединлъидал дир эмен МухIамад хехго гIумруялдаса ватIалъана.

Эмен Хочо вукIана гIодове виччарав, мухIканав, вацIцIадав чи. ХатIги букIана гьесул гIисинаб, берцинаб, цокIалаб. Сундулъго тIокIлъи, тIасан ккей бокьулароан гьесие.

## «Хочол партия»

Цо нухалда инсул хъвай-хъвагIаял регулаго, дида батана цо тIамач: «ГьабсагIаталда гIуцIулел руго гIемер батIи-батIиял партиял. Дицаги гIуцIулеб буго дирго партия. Гьелда цIар буго «Хочол партия». Гьелъул ахIи буго гьадинаб – дуего бокьулареб цогидазеги гьабуге! Амма дир партиялда гьорлъе чи лъугьунев гьечIо», - ян хъван букIана гьениб. Гьебго ахIи букIана дир цогидав кIиявго инсулги. ГIумруялдаса хехго ратIалъичIелани, гьелги «Хочол партиялде» лъугьине рукIана.

МагIарул мацIалда «хочо» абураб рагIул магIна ккола маххул хIуби, хIос. Тамахав, хIеренав чи вукIанниги, гIамал гьесул къвакIараб букIана. Гьединалго рукIана Арбулиевги Данияловги.

Эбелалъ бицунаан, цо нухалда Хьаргаби ричизе юргъанал рачIанин. Мадугьалзабазги абун, жиндица кIиго юргъан босанин. (Гьеб заманалда лъабалго лъималги рукIун руго нижер). Эмен хIалтIудаса вачIунаго, йохуца холаго, эбелалъ абун буго жинца кIиго юргъан босанин. Нилъер гьел рукIинчIищин абун буго инсуца. РукIанин абун буго эбелалъ. РукIарал ратани, нилъее тIадеги гьел щай, цоги хIажатаз росизе теян абун буго гIодове виччан инсуца. Эбелалъги, тIад кIалъачIого, нахъе щвезаюн руго юргъанал.

Дица школа лъугIулаго, Москваялде халкъазда гьоркьосеб фестивалалде ритIулел рукIана Хьаргаби школалда цIалулел лъимал. ЛъикI цIалулейги йикIун, дирги рес букIана гьение ине. Инсуца абуна: «Дунял бихьизе дур хадубккунги рес букIинин, цоги рес гьечIел щай гьеб конкурсалде риччаларел, дир яс», - ан. Дица щибго рекIекълъичIого, квеш бихьичIого, гьес абухъе гьабуна. Дида бичIчIана цоги чи вохизавизе бажариялдаса кIудияб рохел ва талихI гьечIеблъи. Инсуца абухъе ккезеги ккана, дун гIумру гьабизе Москваялде ккана, гьел лъималазда гьоркьоса лъимал цо нухалда щун ратила Москваялде. Инсул лъикIлъиялъулги, гIадатлъиялъулги, ракIбацIцIалъиялъулги гIемерал мисалал рехсезе ва бажизе бегьула.

Жиндие лъабабилев эменлъун лъугьанин вакьад ГIабдурахIман Даниялович хвалеб буго Рашидатица. «ТалихIай гIадан йикIун йиго дун, лъабго эмен, цояздаса цоял лъикIал. Гьел лъабалгоги хIалтIизеги цIакъал рукIана, хIухьбахъи гьабизеги лъалаан. Лъабалго лъикI кьурдулаан, кечI ахIулаан, пандур бачунаан. РакIал разиял, хIалтIи лъалел ва бажарулел, ритIухъал – гьединаллъун хутIана гьел дир рекIелъ».

*(Даниялован хIакъалъулъ Рашидатил ракIалдещвеял батIаго хъвазе бегьула. Гьединго цоги нухалда рехсезе тана рагьул соназул хIакъалъулъ ракIалдещвеялги).*

## Нусалъул ракIалдещвеял

Хочол гIамалалъул берцинлъиялъул, гIадатлъиялъул, инсуде гIадаб адабгун бицана гьесул нус **Саида ХIамзатовалъги**. Саида ккола «Женщина Дагестана» журналалъул хIалтIухъан. ЖурналалдаxIалтIулей йиго 1979 соналдаса нахъе.

*«ГIажаибго гIамал берцинав, хъантIи, чIухIи рекIелъ гьечIев, ритIухъав чи вукIана Хочо. Гьелъие нугIлъиялъе рехсезе бегьула гьадинал хIужаби.*

*Цебе сияхIалда рекъон, редакциялъул хIалтIухъабазе рукъзал кьолаан. Дица рукъ щвеялъе сияхIалда ругин абидал, хIукуматалъухъа цоги рукъ тIалаб гьабун щайин, жидер кIудияб рукъ нужее телин, нужер гьитIиналъуре жал рахьинин абуна гьес.*

*Гьединго, цеве Хьаргаби райкомпартиялъул тIоцевесев секретарьлъун хIалтIулев вукIаралъул Хочо, гьасие къваригIун букIун буго шагьаралде босизе куракул кIиго ящик. Гьес абун буго жиндир рокъобе щвезабун тейин, жинца хадуб шагьаралде босилин абун. БачIун бугоха рокъобе курак, Хочоца абун буго квитанция киб бугебин. Гьедин квитанцияги босун, гIарацги кьун гурони, гьес куракул ящик рокъобе босизе тун гьечIо»,* - ян ракIалде щвезавуна нусалъ Хочо.

Гьесие цIакъ рокьулаан гIадамал, рокъоса гьалбал камураб заманги букIунароанин бицана Саидаца.

Жалго лъалел рукIинчIониги, цадахъ хIалтIараз бицун лъала цере редакциялда хIалтIулел рукIаразул хIакъалъулъ цо-цо баянал. Гьел киналго мустахIикъал руго ракIалде щвезаризе, хъвазеги, бицинеги. Руго гIезегIан лъалел рукIарал ва гIумруялдаса ратIалъаралги. Гьез киназго миллияб басмаялъул тарихалъул тана хасаб лъалкI.

Йохизе ва чIухIизе бачIуна миллияб газеталъул тарихалда дицагоги, гьитIинабго бугониги, лъалкI толеб букIиналдаса. Исана 17 сон сверана дун редакциялде хIалтIизе ячIаралдаса. ВачIарав чи жанире цIалеб, цо хъизам гIадин цоцалъ гъункун рукIунеб бакIлъун батана редакция. Дунго гIадин гIолохъанаб мехалда хIалтIизе рачIарал, херлъизегIан анлъабилеб тIалаялда хIалтIулел хутIилароан квешаб бакI гьаб букIарабани.

***ПатIимат МУХIАМАЕВА***

# Нилъераз чIухIун тараб хIалтIи гьабула мигрантаз

**КъватIиса пачалихъалдаса хIалтIизе рачIунел гIадамазул документал халгьабиялъул рахъалъ, гьезул пиша ва рукIа-рахъиналъул рахъалъ улкаялдаго тIалабал къваризарулел рукIин бихьулеб буго ахираб заманалда. Дагъаб цебегIан «Крокус Сити Холл» дармил централда ккараб терракталдаса хадуб цIикIкIана мигрантаздехун божилъи гьечIолъи. Террористазе кумек гьабулел рукIанин абун щаклъи ккарав чанго тажикав ккуна Дагъистаналда. Кинаб къагIидаялъ къабул гьарулел нилъер республикаялъ мигрантал? Аслияб къагIидаялъ нилъер гьанире хIалтIизе щал рачIунел? Щиб иш-пишаялъул гIадамал гьел? ХIажат ругищ Дагъистаналъе къватIиса пачалихъаздаса хIалтIухъаби? Гьелъул хIакъалъулъ ДРялда бугеб МВДялъул Миграциялъул суалазул управлениялъул гражданствоялъул рахъалъ отделениялъул нухмалъулев ГIабдулварис МухIамадовасулгун гара-чIвари гьабуна нижеца.**



**- ГIабдулварис, Дагъистаналде хIалтIизе рачIунел мигрантал кинан къабул гьарулел? Лъица гьезул пишаялда хадуб халкколеб?**

- КъватIиса пачалихъаздаса рачIарал гражданал нилъер улкаялда хIалтIизе ккани, гьезул букIине ккола ихтияр кьолеб документ, ай патент. Гьеб босизе ккани, гьел цин миграционнияб учеталда лъезе ккола. Хадуб гьезие законалъ цо моцI бихьизабун буго, патент щвезе гIарза ва экзамен кьезе. ХIалтIизе изну кьолеб документ щвезе ккани, гIурус мацI ва Россиялъул тарихгун законал лъалел ругищали экзамен кьезе ккола. Патент кьола гIицIго гьел хIалтIулел ругеб бакIалда. Цогидаб шагьаралде хIалтIизе ине бегьуларо. КъватIисеб пачалихъалъул гражданинасда лъагIалицаго республикаялда хIалтIизе ракIалда батани, гьес щибаб моцIалъ патенталъухъ гIарац кьезе ва регистрация гьабизе ккола. ГIарац кьезе кватIани, патент хIакъикъияб гуреблъун рикIкIуна. Законалда рекъон, гьев чи улкаялда вукIине бегьуларо. Щибаб моцIалда цо мигрантас 5184 гъурущ кьола патенталъухъ. Гьанже гьеб законалъулъ хиса-басиял гьарун руго, цебе гIадин щибаб моцIалъ регистрация гьабизе кколаро, лъагIелалъ цебеккунго цо нухалда гьабурабги гIолеб буго.

**- Аслияб къагIидаялъ кинал пачалихъаздаса хIалтIухъаби рачIунел республикаялде?**

- Гьоркьиса Дагъистаналда хIалтIизе патент щвеялъе гIарза кьун букIана 17 710 мигрантас. Бищунго цIикIкIун патентал росана Узбекистаналдаса гIадамаз – (9500), Азербайжаналъул гражданаз – 6000 цIикIкIун, тажиказ – 685, Молдовиялдаса кIигоязги. 2023 соналда патентазухъ республикаялъе щвана 646 миллион гъурущ.

Гьединго, 2023 соналда Дагъистаналда рукIарал мигрантазда гьоркьоса, батIи-батIиял гIиллаби сабаблъун, азаргоялдаса цIикIкIун чи тIадвуссинавуна жидерго пачалихъалде.

**- Бокьарав чияс хIалтIизе рачине бегьулищ мигрантал? Гьеб хIалтIи официалияб, пачалихъалъе налогал кьолеб бакIалда букIин тIадаб бугищ?**

- Нилъер гIадамаз ралел бакIазда, теплицабазда хIалтIизе рачуна мигрантал. Нагагь гьез патент бугищалиги халгьабичIого мигрантал хIалтIизе рачани, хадуб законалъулгун захIмалъаби рукIине рес буго. Республикаялда хIалтIизе ихтияр гьечIев къватIиса пачалихъалъул гражданин хIалтIизавуралъухъ административияб дело рагьизе бегьула гьесда тIад. Гьединлъидал мигрантал хIалтIизе рачунев чияс, лъабго къоялда жаниб, гьелъул хIакъалъулъ лъазабураб кагъат кьезе ккола миграциялъул суалазул управлениялде.

Гьеб буго квалквалаб иш. Амма нилъерго рокъове хIалтIизе вачарав чиясул хIакъалъулъ лъазе ккола ва гьеб ишалъул жавабияб управлениялда лъазабизе ккола. Гьесулгун гражданияб правовияб кьотIи-кьай хъвазе ккола. Гьелъул хIакъалъулъ миграциялъулаб хъулухъалда лъазабичIони, административияб жавабчилъиялде (тамихIалде) цIазе бегьула.



Нилъер росабазухъ балагье. ХIалтIи щолеб гьечIин абун, хIалхьиялда рукIуна цо-цо гIолохъаби. ХIалтIиян абуни республикаялда камуларо. Масала, пуланаб росулъ СПКялъул бетIергьанчиясе росуцоязда гьоркьов хIалтIухъан щолев гьечIо. ХIалтIизе бокьичIого, чIухIун батIи-батIиял гIиллаби ратун, инкар гьабулеб буго гьез. Нилъеразе бокьулеб гьечIо мигрантаз гьабулеб захIматаб хIалтIи гьабизе. Цо-цоял унел руго улкаялъул цогидал регионазде, гьениб хIалтIи ва мухь батIияб бугеб гIадин.

Мигрантал хIалтIизе рачине бегьула бокьараб гIуцIиялъ яги гIадатиял гражданаз. Гьезул хIакъалъулъ баян гIаммаб федералияб базаялде босула. Гьелъ рес кьола къватIиса пачалихъалдаса вачарав гражданин кив хIалтIулев вугевали ва киб гьес гIумру гьабун бугебали лъазе. Мигрантас гIумру гьабун букIине ккола жинца кьотIи-кьаялда бихьизабураб адресалда рекъон. Гурони, документалда батIияб бакI хъван, гIумру ва хIалтIи цогидаб бакIалда гьабулеб батани, гьесда тIад уголовияб дело гьабула.

**- ХIалтIи гьечIого нилъерго гIадамалги тун, Дагъистаналъе къватIиса пачалихъалдаса хIалтIухъаби хIажат ругищ?**

- Дир хIисабалда, цо рахъалъ, Дагъистаналъе къваригIун руго хIалтIи гьабизе мигрантал. Ралел бакIал гIемер руго, теплицабазда ва цогидал бакIазда хIалтIухъаби къваригIун руго республикаялъе. Цогидаб рахъалъин абуни, гьел хIалтIухъабаз нилъер гIадамал ругьун гьарулел руго захIматаб хIалтIи гьабичIого чIезе, хIалтIудаса чIухIизе.

Нилъер росабазухъ балагье. ХIалтIи щолеб гьечIин абун, хIалхьиялда рукIуна цо-цо гIолохъаби. ХIалтIиян абуни республикаялда камуларо. Масала, пуланаб росулъ СПКялъул бетIергьанчиясе росуцоязда гьоркьов хIалтIухъан щолев гьечIо. ХIалтIизе бокьичIого, чIухIун батIи-батIиял гIиллаби ратун, инкар гьабулеб буго гьез. Нилъеразе бокьулеб гьечIо мигрантаз гьабулеб захIматаб хIалтIи гьабизе. Цо-цоял унел руго улкаялъул цогидал регионазде, гьениб хIалтIи ва мухь батIияб бугеб гIадин. Амма къватIирехун гьел хIалтIулеб къагIидаялъ гьанирги хIалтIани, цогидал регионазда щолебго гIадаб гIарац гьанибги щола гьезие. Лъималазе щолел пособияздаса пайдаги босун, хIалтIичIого чIолел руго цо-цоял.

ХIалтIи кьолев чиясеги мигрант хIалтIизе вачинего бигьаяб ва хайираб букIуна. Щайин абуни, гьесие хIажат рукIунаро гIодоркъоял, гьел ине кколаро хвел ккараб бакIалде яги цогидаб хъулухъалъ.

**- Мигрантаз хIалтIухъ мухьги дагь босулеб батилаха…**

- Цебе дагьаб мухьдахъ хIалтIулаан гьел. Гьанжейин абуни, рекъараб мухь кьун гурого хIалтIуларо. Цо-кIиго соналъ гьанив хIалтIарав мигрант ругьунлъулев вуго, киналдаго хадув гьолев вуго. Къоялда жаниб 1500-2000 гъурщидаса дагьаб мухь кьолеб бугони, гьев хIалтIуларо. Ижараялъе ккураб рукъалъул кьезеги, ватIаналде хъизамалъе битIизеги гIураб гIарац къваригIуна гьесие.

**- Нилъерал унищ къватIиса пачалихъазде хIалтIизе?**

- ХIалтIизе мурадгун унаро, лъикIаб гIумру-яшавалъе гIоло уна нилъер гIадамал цогидал пачалихъазде. Германия, Австрия, Нидерланды, Франция ва цогидал пачалихъазда нилъер гIемерал гражданал руго гIумру гьабулел. Франциялда гIумру гьабулев вуго 3,500 дагъистанияв. ГIемерал запросал рачIуна гьениса, гьел Россиялъул гражданал ругин абураб справка битIеян гьарун.

**-Такъсирчилъи гIемер букIунищ мигрантазда гьоркьоб?**

- ГIаммаб къагIидаялда, Дагъистаналда мигрантазул такъсирчилъи яги гьезие гьабураб зарал-зулму республикаялдаго кколел лъугьа-бахъиназдаса цIикIкIараб букIунаро. КъватIиса пачалихъаздаса рачIарал рукIунин абун гьел нилъераз къварид гьаруларо ва гьезги нилъер гьаниб бугелдаса цIикIкIун такъсирал гьаруларо.

2023 соналда къватIисел пачалихъазул гражданаз кинабниги 97 такъсир гьабун буго нилъер республикаялда. Гьездехун гьабуна 26 такъсир.

Нилъер пачалихъалде щварабго, киналго мигрантаз медицинаялъул комиссияги гьабизе ккола. Рахунел, захIматал унтаби ругищали, наркотикал гьарулел ругищали халгьабула.

**- Законалда рекъон, мигрантал хIалтIизе бегьуларел бакIал ругищ?**

- Регионалияб документалда мигрантаз бихьизабула кинаб специальность тIаса бищулеб бугебали. Хадуб гьесул ихтияр букIунаро, документалда бихьизабуралдаса батIияб махщалил хIалтIи гьабизе. РФялъул законалда рекъон, мигрантал хIалтIизе бегьуларо фармацевтикаялда. Щибаб регионалъулги буго къватIиса пачалихъаздаса рачIарал гIадамал хIалтIизе гьукъарал специальностал.

*ПатIимат*
***СУЛТIАНМУХIАМАДОВА***

## РекIел ахIи

**«Лъимаде йикIаго ва лъимер гьабидал хIалтIуда гьечIей эбелалъе щолищ хIукуматалъ кьолеб пособие?»**

*Гьаб суалалъе жаваб кьуна ДРялъул Социалияб фондалъул консультант ИсмагIилова Зульфияца:*

- РФялъул законалда рекъон, хIалтIуларей эбелалъе щоларо лъимаде йигеб мехалда ва лъимер гьабидал хIукуматалъ кьезе бихьизабураб пособие.

Амма гIарац гьечIолъиялда бан захIматаб ахIвал-хIалалде ккун йигони, тIалаб гьабизе бегьула цо нухалда кьолеб пособие яги лъимада хадуб хьулухъ гьабун кьолеб пособие.

**«Росгун ятIалъаралдаса лъагIел унеб бугониги, цо-цо гIилла батун дир вукIарав росас, нижеца цадахъ данде гьабураб къайи бикьиялъе кквалквал гьабулеб буго. Законалда бугищ гьелъие чIезабураб болжал?»**

*Гьаб суалалъе жаваб кьуна адвокат Иляс ГIумаровас:*

- Законалда рекъон, ригьнада рукIаго рос-лъадуца цадахъ данде гьабураб буголъи ккола гьел кIиязулго гIахьалаб мулк ва ригьин биххидал, кинабго бащад бикьизе ккола.

РФялъул Хъизамалъул законалъул №38 статьяялда рекъон, рос-лъадуца цадахъ данде гьабураб мал-мулк бикьизе бихьизабун буго лъабго сонил болжал.

**«Лъицаниги жаниб гIумру гьабулареб квартираялъухъ коммуналиял хъулухъазухъ кколеб гIарац кьечIого тезе ихтияр бугищ?»**

*Гьаб суалалъе жаваб кьуна адвокат Иляс ГIумаровас:*

- Бугеб ахIвал-хIалги рехсон, гIарза хъвазе ккола управляющияб компаниялде, Водоканалалде, Энергосбыталде ва Газалъул компаниялде. ГIарзаялда цадахъ букIине ккола квартираялъуб лъицаниги гIумру гьабулеб гьечIолъиялъе нугIлъи гьабулеб документги.

**«МРТ ва КТ гьабуралъухъ сахлъи цIуниялъул цо-цо пачалихъиял идарабазда гIарац босула. Законалда дандекколищ гьеб?»**



- №326 федералияб законалда рекъон, полис бугев чиясул ихтияр букIуна пачалихъалъул сах гьариялъул идарабазда КТ, УЗИ ва МРТ чIобого гьабизе. Гьеб мурадалда, полисги паспортги, гьединго поликлиникаялдаса сах гьавулев тохтурасухъа босараб 057/у направлениегун хъвай-хъвагIай гьабизе ккола гьел алатал хIалтIулеб идараялда. Иргаялда чIараб къоялдаса нахъе 14 къойил болжалалда жаниб, гьел алатазул кумекалдалъун, сахлъиялъул бугеб хIал лъазабизе ккола. Рак унти бугезул мурад тIубазе ккола анкьил болжалалда жаниб.

**«КIудияб лъимералъ 18 сон байдал, лъимал гIемераблъун рикIкIунищ хъизам?»**

- Жакъа лъимал гIемераблъун рикIкIуна лъабго ва цIикIкIун лъимер бугеб хъизам. Амма лъимералъ 18 сон базегIан яги очно цIалулеб бугони - 23 сон базегIан хъизамазда хадур цIунун хутIула киналго социалиял бигьалъаби.

Федералияб даражаялда лъимал гIемерал хъизамазе рихьизарун руго хадусел бигьалъаби:

1. Лъималазе пособиял ва выплатаби.
2. ЗахIматалъулал ихтиярал цIуни.
3. Эбелалъе заман щвелалдего пенсиялде ине ихтияр.
4. Профессионалияб махщалие ругьун гьари.
6. Музеязде, парказде ва выставкабазде чIорого ине ихтияр.

**«Классалда цIалдохъабазул къадар дагьлъиялда бан нижер росдал гьоркьохъеб школалда цо класс-комплект къана. Гьединаб хIал бугеб мехалда, школалда кинал штатал къалел ва бащдаб ставкаялде щал рачунел?»**

*Гьаб суалалъе жаваб кьуна ДРялъул Лъай кьеялъул ва гIелмуялъул министерствоялъул консультант Хадижат ГIалиевалъ:*

- Жакъа школалда гьечIо типовиял штатал чIезарулеб къагIида. Штатал рикьиялъул иш директорасде тIаде ккола. ЗахIматалъул харжал кьеялъул фондалъул жаваб кьола районалъул лъай кьеялъул управлениялъул начальникас. Школалда цо класс-комплект къаялъул хIасилалда, гьайгьай, дагьлъула учительзабазухъ рукIарал сагIтазул къадар. Харжазул фондалъул гIарац гIолеб гьечIони, директорасул ихтияр буго социалияв педагогасул, психологасул ва вожатыялъул штатал къокъ гьаризе. Гьединго организатор вачине бегьула бащдаб ставкаялде яги, завучасда тIад гьесул хIалтIиги къан, гьеб штат тIубанго къазе ихтияр букIуна.

***Нури НУРИЕВ***

# Лъималазул сахлъи цIуни буго аслияб мурад

**Гьал къоязда ДРялъул ЖамгIияб палатаялъ халгьабуна республикаялъул школазда лъималазда щиб кваназабулеб бугебали. ЖамгIияб палатаялъул председателасул ва МахIачхъалаялъул мэрасул кумекчи ГIалибег ГIалиев журналисталгун цадахъ щвана Гьизилюрт шагьаралъул школаздегун садиказде ва лъималазе кьолел нигIматал гьарулеб заводалде. Республикаялъул производителазул рахьдал нигIматал росулел ругоан гьез школалдегун лъималазул ахазде. Гьизилюрталъул школазда лъималазе кьолеб кванил даражаялъул хIакъалъулъ ва гьеб цIех-рех гьабиялъе гIилла бицана нижеда ГIалибег ГIалиевас.**



Школаздагун лъималазул ахазда кьолеб кванил хIакъалъулъ суал чанго нухалда борхана республикаялда ахираб бащдаб лъагIалида жаниб. Щарил нахин абун бичулеб, пальмаялъул нах гьорлъе жубараб жо ва бакъвараб рахьдал гьарурал нигIматал росулел ратана пачалихъиял социалиял идарабазде. Гьелъул хIакъалъулъ цебеги хъван букIана «ХIакъикъат» газеталъ. ГIалибег ГIалиевас чанго нухалда борхана гIи-боцIи гIемераб, росдал магIишатги цебетIураб республикаялъ цогидал регионаздаса бакъвараб рахь щайин босулебин абураб суал.

«10-ялдаса цIикIкIун соналъ республикаялъул школазде кванил нигIматал щвезаризе тIоритIулел къецазда (тендеразда) нилъерго производителал, ай боцIи хьихьулел ва нигIматал гьарулел гIадамал бергьине толел гьечIо. Тендеразда гIахьаллъулел гIадамал руго жидеда гIакацин бихьичIел чагIи. ГIажаиблъи-хIикмат, гьединал гIадамал бергьунелги руго къецазда.

Жидеца гьадинаб багьаялде росулин рахьдал нигIматалин абун, жиндирго хIакъикъияб багьаялдаса учузго ричеян шартI лъолеб буго производителазда цебе. БоцIи хьихьун магIишат гьабулел гIадамазе пайда гьечIо гьединал тендеразулъ гIахьаллъизе. Гьеб мехалда бергьунел руго цIакъго гIодобегIанаб багьаялде «рахь» ва цогидаб нигIмат бичулел гIадамал. ХIакъикъаталдайин абуни, рахь гуро гьеб, рахь бакъвазабун лъугьараб порошок буго. Гьебги бачIунеб буго Удмуртиялдаса. ЩIакъ учузго чIолебги буго. Гьеб порошокалъул гьабулеб буго рахьги цогидаб нигIматги.

ХIукуматалъул нухмалъулесул заместитель Нариман ГIабдулмутIалибовас кIиго данделъи тIобитIана гьеб суалалда тIасан Росдал магIишаталъул министерствоялда. Лъималазул кванилъ хIилла гьабулеб батун, «МахIачхъалапродукт» МКУялъул директор хъулухъалдаса рехана.

Хадуб нилъерго производителалги ахIун тIобитIана данделъи. Гьез абулеб буго жидер нигIматал тендеразда бергьине толел гьечIин абун.

Рахьдал нигIматаздалъун бечедаб республикаялда Удмуртиялдасаги босун лъималазда порошок кваназабиялъе гIилла кин бичIчIизабилеб гIадатияв гIадамазда?

Гьединлъидал дица цIех-рех гьабуна нилъерго гьаниб гьабураб нигIмат хIалтIизабулел школал ругищ республикаялдаяли. Гьединаб бакI батана Гьизилюрт шагьаралда. АнцIгояалдаса цIикIкIун соналъ гьезул школаздагун лъималазул ахазда жидерго шагьаралда гьарулел кванил нигIматал хIалтIизарулел руго. Телевидениялъул хIалтIухъабигун щвана ниж гьенире. Нижеца цадахъ вачана лъай кьеялъул управлениялъул нухмалъулевги. Школаздагун садиказда рихьизаруна кванил нигIматалги. Гьез киназго босулеб бугоан «Колос» рахьдал заводалдаса. Гьенирeги щвана ниж. Бихьана гьенир нигIматал гьарулеб къагIидаги. Заводалъул директорасда цIехана нужер боцIи киб бугебилан. Гьез рахь бичун босулеб бугоан сверухълъиялдаго ругел магIишатаздаса. Гьезул кооперативалъ бакIарун бачIунеб буго заводалде рахь. Гьезул киназулго документалги рихьана. Санэпиднадзоралъулги ветнадзоралъулги щибаб моцIалъ гьарурал документалги руго. Бихьана гьеб бацIцIадго хIалтIулеб завод букIин. Заводалъул директорасда цIехана МахIачхъалаялъул социалиял идарабазе гIурал нигIматал гьарун бажарулищ нужехъаян. Бажарулин, гьелъие хIажатал ресал ругин абуна гьес.

> Нилъеца лъималазул кванил тIалаб гьабичIони, гьезул сахлъиялъе зарал ккезе буго. Цо пуланал гIадамазе бечелъизе бокьунин абун, лъималазда бугеб гIайиб щиб?»

Нилъеца лъималазул кванил тIалаб гьабичIони, гьезул сахлъиялъе зарал ккезе буго. Цо пуланал гIадамазе бечелъизе бокьунин абун, лъималазда бугеб гIайиб щиб?» - ан рикIкIунеб буго ГIалибег ГIалиевас.

Гьоркьиса ДРялъул бетIер Сергей Меликовасги социалиял идарабазе росулел кванил нигIматал какун рукIана. Республикаялъул бетIерасул рагIабазда мугъчIвайги гьабун, Россиялдаго росдал магIишаталъул бищунго лъикIал нигIматал гьарулеб Дагъистаналда щай 2000-3000 километралъ рикIкIадаса нилъерго лъималазе нигIматал росизе кколелин абураб суал борхулеб бугелъулха ГIалибег ГIалиевас. Лъималазул сахлъи цIуни бугелъулха аслияб мурад.

***ПатIимат СУЛТIАНМУХIАМАДОВА***

## «Дун рецц-бакъ балагъизе цееги яхъунаро»

**РакIалдаго гьечIого Залпа МухIамадрасулова редакциялде ячIиндал, гIажаиблъана. Москваялъул литературияб институт лъугIарай, Россиялъул Хъвадарухъабазул союзалъул мухъилъа машгъурай шагIир йигониги, жамгIиял бакIазда, адабияталъулгун маданияталъул тадбиразда къанагIатай гьобол йигелъулха Залпа. ЛъагIалил байбихьуда гьей редакциялде гьоболлъухъ ахIилин диргоги пикру букIана.**

**- Залпа, мун накъиталде ахIилин букIараб дир ният кингIаги дуда лъараб?**

- РекIелъа-рекIелъе нух букIунеблъиялда божуларищ мун? Издательствоялде кIваригIелалъ щведал, нужехъе яхинчIого ракIго букIинчIо.

**- Гъоркьиса ДРялъул хIукуматалъул бетIер ГIабдулмуслим ГIабдулмуслимовас мун дандчIваялде ахIиялдаса рохун рукIана ниж. ТIехь бахъизе кколин гьес кьураб тIадкъай тIубазабулеб бугищха?**

Жиндирго творчествоялда хурхун кьолел суалаздасаги газеталда лъугьа-бахъунеб лъазе бокьун букIана Залпае.

- Халгьабе, цо ругел цIализе гъира кколел макъалаби гьанир. Амма тIеренлъун бихьулаха «ХIакъикъат».

**- Гьадинаб бугоха заман, Залпа. РачIа дур цIиял асаразул бицине. Кида щолеб нижехъе тIехь? КочIохъабаз ахIулел рагIун гурони, газет-журналалда рахьеян ячIунеб гIадатги гьечIелъул дур.**

- Гьеле цIакъаб рагIи, ма, рище дуего бокьанщинал, - инги абун, елъулаго Залпаца дихъе бегьана тIехь бахъизе хIадурарал шигIрабазул даптар. ТIоцебе рагъарабго, тIаде ккана гьал мухъазде:

**Дун рецц-бакъ балагъизе цееги яхъунаро,**
**Нахъасан какулезул загIиплъиги бичIчIула.**
**ХIакимасул гьаркьие гьураги бачунаро,**
**Гьури пулеб рахъалде екерунги унаро.**

ГIабдулмуслим ГIабдулмуслимовасул тIадкъай тIубазабулеб букIин бихьана. ГIемер кватIичIого З. МухIамадрасуловалъул шигIрабазул саламатаб тIехь щвела цIалдолезухъе. Гьениса босун цо чанго асар лъолеб буго жакъасеб номералдаги.

Доб къоялъ нижер накъит лъугьинчIо, редакциялда гIезегIан гьалбал рукIиналъ. Хадур дандчIвазе гьабураб къотIиги халатбахъана, вацасул васасе къадар щун кьварилъиялда йигей Залпа редакциялде ахIизе дунгоги намуслъана.

1990 соналъ Дагъистаналъул басмаханаялда бахъараб Залпа МухIамадрасуловалъул «РекIел матIаби» тIехь тIубанго рекIехъе лъаларев чи, гьоркьохъеб гIелалъул магIарулазул, гIемер ваталаро. Гьеб тIехьалъул цебергIиялда шагIир МухIамад Хириясулаевас хъвалеб буго: «Хьухьилъан баккараб багIарбакъуца ракьалде рехулел месед бекьарал чIораз гIадаб асар гьабула гIадатияб каламалда цадахъ циндаго кунчIун рачIунел берцинал сипат-суратазги, сунарел чирахъаллъун нилъер ракIазулъ рекIун хутIулел, гъваридаб магIнаялъул гIакъилал пикрабазги. ГIодоб буссун чвахулеб, тIину бихьуледухъ тIокIкIараб мугIрул иццалде кьулараб хIисаб лъугьуна хIеренаб, ритIухъаб, бацIцIадаб, гьединлъидал лъидасаго бахчизе хIажат гьечIеб хIасратаб рокьул асар цIалараб мехалда».

Дир гIолиллъудаго ахIулел ратана гьелъул асарал бицун гьунар бугел магIарул кочIохъабаз. Гьелгощинал соназ, сценаялдаса цIи-цIиял ахIулел рагIун гурони, Залпаил тIокIаб тIехь кватIибе бахьун букIинчIо.

«Дида Залпа МухIамадрасуловалъул цониги тIехь бихьичIо, я дихъ гьеб гьабсагIат гьечIо. Дица унго-унгояй шагIирлъун рикIкIуна жиндир хIакъалъулъ цебергIи хъвазе тIехь хIажалъуларей шагIир», - ин хъвалеб буго З. МухIамадрасуловалъул поэзиялъул рахъалъ жиндирго пикраби загьир гьарулаго МухIамад БисавгIалиевас.

Жакъасеб къоялъ бищунго поэзиялъул тату бичIчIулев гIужилав критик, камилав журналист ва хъвадарухъан М. БисавгIалиевас дир «накъиталдасаги» жеги лъикI рагьиларицха гьелъул гьунаралъул даража.

***ПатIимат ГЬИТIИНОВА***

# ПасихIлъиялда цадахъ пикруги буго гьелъул



МухIамад БИСАВГIАЛИЕВ

МагIарулаз кучIдул цIунана ахIун. АхIана тIармида, чагрида, чагъанаялда, жергъада, гъасда цIадухъ, батIи-батIияб букIана къагIида гьеб рекIел асар загьир гьабулеб. ХIасилул калам, ахIулеб кочIоца цин куркьбал гъун халкъалъухъе щвезабуна шигIру, цинги халкъалъ такрар гьабун, ахIун, цоцазухъе кьун гIасрабаца цIунана гьеб. КочIохъанас цебе ккараб кечI босулароан ахIизе, гьеб букIине кколаан пасихIаб, чвахун бачIунеб, гIенеккарасе асар гьабулеб. Масала, ЧIанкIаца кечI ахIулеб букIанилан хъвараб бакI гьечIо. Гьесул асарал ахIана кочIохъабаца, жакъаги ахIулел руго. ТIекьадерил кочIохъабаца ахIун щвана нилъехъе Этил ГIалил асарал.

МахIмудил кучIдул бищунго лъикI ахIун досул заманалда магIарулльиялда тIиритIизаруна ИгIалиса ГIарашил ГIумарица. Гьагъаб анкь умумузулъанго бачIараб хатIалда, лугъаталда магIарулазул кечI-бакъан бугеб мехалда, тIаде большевикалгун совет хIукуматги бачIун, нилъер шагIирзаби тIамуна жидер рокьи ккарай пуланай ясалдеги васасдеги хъвалел рукIарал кучIдулги нахъе тункун партиягун цIияб пачалихъ беццун асарал хъвазе. ГIарац кьолеб букIана гьел хъваралъухъ, щибаб мухъ рикIкIун ралааан мугьал. Гьел ахIизе кочIохъабиги тIамулел рукIана, гьебго гIарацги кьун. Гьел кучIдул цIаларабго, жакъа релъизе бачIуна. Масала:

**«Коммунизмаялъул рорхалъабазде**
**Рохалиде унеб улка буго дир»** - ин цо чияс ахIани, жакъа гIадамал релъила хъварасдаги ахIулесдаги.

Амма гьаб кечIалъе сцена кьун къадал ракьанде цун букIараб, СССРалъ рагIи кьечIого тараб рокьул кечI бокьараб гIасруялда ахIизе бегьула ва гьелъие хвел гьечIо. Гьеле гьединаб гьунар бугей, кутакалда пасихIаб мацIалъул, гьалдолеб рекIел асаралъул ва кIудияб гьунаралъул шагIир йиго нилъер заманалъул ГьаракIуниса Залпа МухIамадрасулова. Гьелъул асарал ахIула тIубараб Дагъистаналъ.

Цо-цояз халкъияб кечI бугин гьебин кьосизеги кьосула. Щайгурелъул гьелъул кечI хъвалеб къагIида буго анкьумумуца азарго батIиял бакъназдагун гьаркьазда гьоркьоса бищун хIалтIизабураб, гIадамазе гIагараб, ракIалъ къабул гьабураб къагIида. Гьеб чвахун бачIингун пасихIлъиялда цадахъ гьелъул буго пикруги, лъидаги батизе кIвечIеб асар загьир гьабулеб къагIидаги, жийго ятIа яхъизе лъалеб хатI бугел асаралги:

**«Дур цIорораб сурат цIидасан дица.**
**Дир бащдаб рухIги кьун чIаго гьабуна…**

Заман щвелелдего, гIолохъанго ватIалъарав жиндир росасде бугеб сунареб рокьиги, урхьиги, пашманлъиги, хиялалъгун пикрабалъ гьев чIаго гьавизе гьарулел хIалбихьиялги хIикматго кьезе кIун руго гьадал мухъаз. Ялъуни гьесул хабал зонохъе щвеялде хъварал, цIалдолесул черхалда гъаргъар базабулел мухъал:

**«Суалал чIагоял, жавабал хварал,**
**Хабзалазулъе дун щвана жакъаги.**
**РекIелъ чIаго вугев, чIагоялъ гьечIев**
**Гьудуласухъе дун юссана жеги…»** - кинаб рухIияб кьуват ва кIудияб махщел бугеб пашманлъи загьир гьабизе. ХIасилул калам, магIарулазул жакъасеб шигIрияб дунялалда дие Залпа МухIамадрасулова йиго бищунго гьунар бугей шагIир. Дида киданиги кIочон толаро гьанжеялдаса кьоло щугогIан соналъ цебе имам Шамилил кьотIноб букIараб гьелъул рокьоб: «ЦIияб кечI цIале, Залпа», - ян дица абигун, цо тетрадалда жанир рарал тIутIурал тIанчалги данде ран, гьелъ цIалараб кIиго микьго мухъ. ЦоцIул цIалигун рекIелъги хутIана, хадур дица Расул ХIамзатовасе цIалигун гьесги цIакъ тIадегIанаб къимат кьун букIана. Гьел руго чIужугIаданалъулъ шагIирлъиги, рокьиги, рекIел асаргун намусги цоцалъ кьеркьей загьир гьабураб рокьул кечIалдаса мухъал:

**Дуца вокьулищан гьикъичIо дида,**
**Инкар гьабунани ахир лъугьинин.**
**Дица вокьулилан абичIо дуда**
**Аслу намусалъул учузлъилилан.**

**Амма дур кIутIбузда гьеб суал буго**
**Соролеб санаца нахъе инчIого.**
**Дир мацIалда тIадги гьеб жаваб буго**
**Жугьалъун лъугьине кьуват гIечIого.**

Гьале доб бахчараб, илагьияб, намусалъул гIорхьи бахинчIеб, кигIан гьалданиги жаниб бахчараб, халкъияб кочIолъ абухъе, магIарулалъул «рагъун чIегIер бани чIвалин хIинкъараб», мацIалда бугеб, амма загьир гьабизе бегьичIого шигIруялде буссараб рокьи. Дида Залпа МухIамадрасуловалъул цониги тIехь бихьичIо, я дихъ гьеб гьабсагIат гьечIо. Дица унго-унгояй шагIирлъун рикIкIуна жиндир хIакъалъулъ цебергIи хъвазе тIехь хIажалъуларей шагIир. Гьединайлъун йиго дие Залпа МухIамадрасулова.



ШагIиралъул росу - ГьаракIуни

### Залпа МухIамадрасулова:

# Дир рекIкI гьечIеб бадиб бакъул дуниял



## Ихдалил гьури

Дунял гьогьомулеб гьавадул чапар,
Чалухаб гьорол сас рагIулеб буго,
РакI хIайран гьабулеб хIасратаб шур-шур,
Щибаб букIнилъе ун, жендолеб буго.

Гьелъ, ахикье бортун, гьутIбузул карал,
Кинида лъимерлъун, кIирикIун тола.
КIанцIун гIодобегун, гIазизал хурдул,
Аххги бачунаго, гьелчезарула.

Надалде гьарщарал ясазул расал
ХIеренго лъухьула рахъ-рахъалдехун.
Ризаб кIургI-кIургIараб ботIрол расалъул
Васазул каразда рахъула кверал.

Ахир хъахIилзодихъ тIадеги бахун,
ТIуризе гьарула накIкIазул тIелал.
Риидалил бакъул кеп босейилан,
Куркьбал хьвагIулаго, уна цебеса.

## Хасалихълъи

Квачан, гIаркьелазул килщакьа рорчIун,
ЧIабаралде гьана гьаримал тIамхал.
ГIицIаб черх бихьизе нечарал гIадин,
ТолохIочлъун, гIодор кьулана гьутIби.

ХъахIил ралъдалъ хIухьел хъахIал накIкIаца
Хъабарча бачана нечарал гьезде.
Хаселалъ хIеренаб квас-квасги самун,
Юргъан хIадурана, тIаде рехизе.

Кьижила тIабигIат гIазул юргъадукь,
Ихдалил гьороца квал жемизегIан.
Бахъинаро тIаде, бакъул чIоразул
БухIараб баиялъ рухI речIчIизегIан.

## Рогьел

БахIаралъул шал гIадин,
БецIлъиги борхизабун,
Гьарзаял канлъул чIораз
КвенчIелги цIезе гьабун,

ЦIумаца бусен лъурал
Кьурабаздаги хъатIун,
ХъахIлъи рехулеб буго
Рорхатал гьал мугIрузде.

Рокьи ккарай ясалъул
КунчIарал берал гIадал
ЦIваби, гьелъ квер бахъидал,
Рахчун, тIагIунел руго.

БецIлъигун чалухдулеб,
Сордо борчIун чIараб моцI,
Рогьелалъ тIад кквелалде,
ТIуризе къачIан буго.

Рогьел бачIунеб буго,
ЦIакь бечедал хулжалгун,
Аза-азар кьералъул
Къалмазул къвачIаги цIун.

## Хазина ракьулъ буго

ГьечIониги чIагояс,
ЧIаго рухIги босун ун,
ЧIегIераб хвалихъ урхъи
Аницлъун лъугьун буго.

ЧIвананиги холарес
Хиялазда квелъги бан,
Кие балагьаниги,
БецIлъи рехулеб буго.

КIалъачIого рагIулел
ГIашикъал дур рагIабаз,
РекIел зобалги гьугьан,
Ругъназ бухIула керен.

Бер къанцигун рихьулел
Къиматал дур лугбаца,
Къварилъидул цIадги бан,
Гонгал тIаде чвахула.

Дунял чIобого буго,
ЧIалгIен ханлъуда буго,
Хазина ракьулъ буго,
Рокьи зобазда буго.

***

Дир чорхолъ заз гIадинаб,
ХьачIаб гIамал бугилан,
ГIадамаца абулеб
Уяб рагIи буго гьеб.

Гьелъулъ жибго тIегь гIадаб,
ХIеренлъи бессун бугин,
Цо-цояца бицунеб
БитIараб рагIи буго.

Дица дирго гьаб хьачIлъи,
Зазил гIаркьел кинниги,
Нич бахъаразул гьурмалъ
ГьесичIого кьабула.

Дица дирго хIеренлъи,
ХIасратал тIугьдул гIадин,
ТIабигIат берцинase
БарахщичIого кьола.

***

Чармил газаялда кьаву чIванилан,
ЧIахIалъ гьанкъиларо бигьаридул гьветI.
Саяхьаб гьороца хIур тIаде пунин,
ТIокIкIараб мугIрул ицц хIабургъинаро.

ХьуцIил хIорахъ къуркъбуз къва-къвай бачунин,
Зодил тIайпусалъул хвеларо роржен.
Хъархъалъан хьурщулеб борхьил мацIихъе
Гьаваялда микки ккевзе щвеларо.

Намусалъул сидул борхалъиялде
Бахине кIвеларо гьересиялда.
Гьодорал чагIазул гIантаб гьулгьуди
Дида рагIиларо, магIарда йиго.

## Дир рекIкI гьечIеб бадиб

Дуниял бецIлъани, цIваби раккула -
ЦIадае кьерхарал зобал роцIинищ?
ЦIа рекIани, свине, тIаде лъим тIола -
Лъеда цIа рекIани, сунцадай суна?

Дир рекIкI гьечIеб бадиб бакъул дуниял
Дицаго ургъараб маргъу батана.
Мугъ дир черхалъ чIвалеб чарамул кьуру
Чара хвараб рекIел анищ батана.

Дун кие яхъиней дару гьаризе,
РекIелъан чваххулеб би загьрулъанин?
Зарал гьукъун, сабаб киса гьарилеб,
Зазиде сверанин тIолго сверухълъи?

«Гьадинаб жойищ гьаб гIумру букIараб»:
РитIухълъи – лагълъуда, тIекълъи – ханлъуда?
Дуниялалъул рукъ ричIизе кIолел
КIулал макруялъул хIобода рараб…

## Пикрабазул пири

Кьерхараб дунялни метер роцIинин,
Дир къварилъи араб къо бачIинадай?
ЧIегIерал накIкIални цIадай рецIцIилин,
РекIел ургъалил заз гьурилеб кида?

Хиялазул зобал гьугьалел руго,
Гьарим дун йиччила, дугъ кодоб гьечIей.
Пикрабазул пири пирхулеб буго,
Пакъир дун юхIила, гьотIода йигей.

Гьорода бадие къватIий яхъундай,
Къварилъарал нухал дир гIумруялъул?
ГIорде данде гурей, лъедечIелъулдай,
Лъадарулей йигей дун гьаб къисматалъ?

Гьанже дир нухазе нахъюссин гьечIо,
Гьел дир рухI-жаналъулъ рессун ругелъул.
Жибго хвелги бачIун, цебечIаниги,
ЧIеларо цоними хIетIе нахъехун.

## Доб ихдалил тIегь

Бесдаллъараб рокьи, кьаллъараб гIищкъу
Кьолеб буго духъе, дир рекIел сайгъат.
Сун унареб рокьул цIадухъги кIусун,
АхIулеб буго дуй ахирияб кечI.

КIалъала, кIалъала дун духъе гIемер,
КIутIби ричIичIого, мацI шуричIого.
Щола, щола, гьудул, дуда аскIое
РакIалде щвеязул пашманаб нухккун.

Кьибил кьотIаниги, бакъвалареб гьветI
Къварилъиялъ буго дие гьурщулеб.
КъулгIа бакъваниги, къун унареб ицц
Дир бадиб магIулъун буго беролеб.

Дуца дие кьураб доб ихдалил тIегь,
ТIад саву кканиги, кин бечIалареб?
Кверaз къараб нуцIа ракIалъги рагьун,
Гьоболлъухъе дихъе щай мун вачIунев?

Дун къваридго йиго къасдазул нухда,
Анищазул хIанчIил кваркьиги бекун.

## ЩайтIабиги напсги

Гьаб жакъа къоялъул сурат бихьидал,
Судулеб каранда угьдулеб куц ракI.
Кибго сверухълъидул магIна гьабидал,
Бахьун унеб дир рухI хIалица ккола.

МугъчIвалел кьураби, чIимхазде сверун,
ЧIамучIал нухазда хIатIикь мерхьунел.
ЧIухIдае рахунел рорхатал мугIрул,
ГIункIкIаца рас-расун, хIурде сверулел.

Жидеего кьурал къиматал цIарал
КъватIул руччабаца кIоченарулеб,
Чаран бианиги, чучулареб яхI –
ЧамгIалаб напсалъул кьорихъе ккараб.

РакIалде кканщинаб кIалалъ бицунеб,
Бица-бицаралда жалго божулел.
Божилъи, ритIухълъи, рекIел бацIцIалъи,
Бугьтаназ, гьерсаца кIотинабулеб.

РекIелъ рокьи гьечIеб, рагIулъ гурони,
ГIамал чорхолъ гьечеб, ххвелал гурони,
Харбие гурони, чу кьололареб,
Чвантие гурони, чабхъад унареб.

Эбел-инсул гьурмай гьими толареб,
Гьабулебщиналда баракат гьечIеб,
Гьудулзабини щиб, вацал-яцалцин
ГьитIинлъун, чиярлъун, рилун, тIагIунеб.

Бахьизе рухI кьезе хIадураздацин
ХIалихьалъиялъул чIорал речIчIулеб,
РекIелъги бадирги жалго цIунарал
ЦIадаре кканиги, квер хьвагIун толеб.

# Школалда малъун мацI лъалеб букIарабани…

**«ХIакъикъат» газеталъул редакциялде гьоболлъухъ рачIуна батIи-батIиял хъулухъазда ругел лъикIал ва къадруял гIадамал. Гьал къоязда нижехъе гьоболлъухъе щвана цебе ТУНОялъул, гьанже Гочарулеб гIибоцIухъанлъиялъул ракьазда ругел лъай кьеялъул идарабазе хъулухъ гьабиялъул централъул (ГКУ РД «ЦОДОУ ЗОЖ») нухмалъулев, ЦIумада районалдаса ЖахIбаров МухIамадшапи.**

**Киназдаго лъала жакъа къоялда нилъер рахьдал мацIазул бугеб ахIвал-хIал. Гьеб буго нилъер ракIунтараб суал. Гьеб темаялда хурхарал суалазе мухIканал жавабал кьуна нижее МухIамадшапица.**



**- МухIамадшапи, бокьилаан дуца цодагьаб дурго хIакъалъулъ бицине…**

- ГIагараб районалда школаги лъугIизабун, дун ана Дагъистаналъул Ленинил цIаралда бугеб пачалихъияб университеталде цIализе. 1981 соналда гьениб физикаялъул факультетги лъугIизабун, тIадвусана дирго гIагараб Агъвали росдал школалде. Гьенир дица кьуна физикаялъул ва астрономиялъул дарсал. Лъабго соналъ мугIалимлъунги хIалтIун, дун тIамуна школалъул директорлъун. Школалъе нухмалъи гьабуна 14 соналъ. Цинги дун тIамуна лъай кьеялъул управлениялъул нухмалъулевлъун. 2007 соналда вачIана МахIачхъала шагьаралде – Лъай кьеялъул министерствоялда хIалтIизе. 2012 соналъул ахиралда дун тIамуна жакъа къоялда дунго хIалтIулев вугеб ТУНОялъе нухмалъи гьабизе. Гьанже гьелда абула «ЦОДОУ ЗОЖ» абун.

**- Мун хIалтIун вуго батIи-батIиял бакIазда. Бищунго рекIее гIураб хъулухъ кинаб букIараб?**

- Дун хIалтIарал бакIазда гьоркьоб бищун чIагояб хIалтIи букIана Агъвалиб щколалда. ГIолохъанаб заманги лъикIаб коллективги.

Жакъа дун хIалтIулеб бакIалда буго 17 мугIрузул районазул хъутан. Нижер берзукь руго гьениб бугеб 76 школа ва лъималазул 16 ах. МагIарухъ школалда букIаралдаса анцIго нухалъ цIикIкIараб буго гьаниб гьабулеб хIалтIи. ГIадамал руго батIи-батIияб миллаталъул (тумал, рутулал, лезгиял, даргиял), жидерго гIамал-хасияталъул ва гIадатазул.

**- Лъай кьеялъул хIакъалъулъ бицунеб бугелъул, бокьилаан нужер школазда рахьдал мацI малъиялъул ахIвал-хIал кинаб бугебали лъазе.**

- Цо-цоязда ракIалде ккола, бицани, школалда малъани, рахьдал мацIалъул масъала тIубалин абун. ЧIалгIаде гурелъул гьелда рахьдал мацIилан абулеб. Каранзул рахьгун цадахъ лъимадуе эбелалъ кьезе ккола жо буго рахьдал мацI. Школалъ малъун мацI лъалеб букIарабани, малъараб босулебги букIарабани, ингилис, паранг ва немец мацIал эркенго рицинаан лъималаз. ТIоцебесеб классалдаса анцIила цоабилеб класалде щвезегIан малъаниги, лъалеб гьечIогури гьезда гьеб, нагагь цо цIакъго тIадчIун цIаларазда гурони. Рахьдал мацIги лъалеб гьечIо, рокъоргo эбел-эменги гIурусалъ гурони кIалъаларелъул. КъваригIун буго гьеб рокъосанго лъималазда малъизе. Цо-цо улбуз абулеб буго, нижеде бадиреги ралагьун, жидее гьеб мацIалъ щибгIаги кьолеб жо гьечIилан, гьеб мацIалдасан гьез хинкIищ кваназе бугебилан. Гьеб рахъ нижееги засIмалъулеб буго. Мисалалъе, тарихги мацIги гьечIони, гьев чи щив кколев? Гьелдалъун гьаб гIумру анани, нилъги нилъер гIун бачIунеб гIелги кколел руго тарихги, мацIги ва гьелда релълъарабги гьечIел чагIилъун. Жиндир тарих гьечIони, букIинесебги кинаб букIинеб?



Дун щвана Осетиялде. Гьезул нилъер гIадин гIемер миллат гьечIелъул, гьез гьабулеб буго цо программа. Гьелда рекъон малъулеб буго рахьдал мацI. Гьеб нилъер хIукуматалъ тIадеги босун, гьанибги гьабулеб букIарабани, добаго гIадин. Нилъго лъикIал лъугьун кIоларелъул нилъеда гьеб бачине. Пачалихъияб программа къваригIуна гьелъие. Щибаб миллаталъ тIадчIун гьеб гьабулеб букIарабани, гьелдаса бигьаяб жо щиб букIине букIараб. МугIрузул районазде, бокьараб бакIалде нилъ ани, гьениб щиб мацIалъ кIалъалел нуж, масала, ясли-ахаздаян цIехани, гьел кIалъалел руго гIурус мацIалда. Гьаб къагIида хутIани, кIиго гIел хисилелде, щакаб буго нилъер мацI хутIи.

**- Нужер школазда кинал цIалул программабазда рекъон хIалтIулел ругел?**

- ТIолгороссиялдаго хIалтIулел руго лъай кьеялъул цогоял планал: «Единое образовательное пространство» гIуцIизе кколинги абун. Нижги гьелда рекъон хIалтIулел руго. Школалъул директорасда бараб буго, кьезе ругищ гьес дарсал тун кваатIибехунисеб бутIаялъул сагIтал рахьдал мацIалъе яги гьечIищали. Директорас дарсги кьун, гьезда мацI лъалилан абураб пикру букIине ккани, гьедин гьеб гьечIелъул.

**- Директорасул бугищ ихтияр, живго лъикIавги лъугьун, рахьдал мацIалде цIикIкIун кIвар кьезе?**

- Руго гьедин кьолелги. Директорасул ихтияр буго рахьдал мацIалде цIикIкIун кIвар кьезе, амма цIакъго гIорхъодаса инеги бегьилищха.

**- ЛъикI хIалтIулел рахьдал мацIалъул мугIалимзабазе кьолеб шапакъат-сайгъат букIунищ нужер?**

- Цебе букIунаан. Гьезие кьолел ставкабиги батIиял рукIунаан, кьолеб харжги цодагьаб цIикIкIинабулаан. Гьанже гьединаб жо гьечIо.

**- Рахьдал мацIалъул дарсазе анкьие чан сагIат бихьизабун бугеб нужер школазда?**

- КIиго сагIат. ЦIикIкIун дарсал кьеялъул иш бараб буго школалъул директорасда.

**- Дур ихтияр букIарабани, щиб дуца хисизабилаан школазда?**

- ТIоцебесеб иргаялда, рахьдал мацIалъул мугIалимзабазе харжал цIикIкIинарилаан. Рахьдал мацI малъиялъе тIадеги тадбирал гьарилаан.

**- Хъутабазда лъугьарал росабазул статус гьечIолъиялъул квалквал кколищ школалъул хIалтIуе?**



Шава росдал ЦIумада хъутада рагьараб цIияб ясли-ах

- ГьанжелъизегIан гьелъул щибго къварилъи букIинчIо. Гьанже школазе лицензияги гьабула. ХIукуматги цодагьаб кьваризе байбихьун бугелъул, школалъулалда тIадеги лъай кьеялъул идараялъе лицензия босизе бажарулеб хIал гьечIо. ТIалаб гьабулел руго ракьалъул ва школалъул минаялъул документал. Гьеб цIакъ захIматаб суал буго.

**- Дурго гIагараб ЦIумада районалъулгун кинаб бухьен дур бугеб?**

- Нижер районалъулги гIезегIан школал руго лъарагIлъиялда. Дирго гIагараб район букIиналъги бокьула гьенир гьарулел тадбиразда гIахьаллъизеги, дихъа бажарараб кумек гьабизеги. Дагьаб цебегIан Бабаюрталъул мухъалъ бугеб Шава росдал ЦIумада хъутада рагьана лъималазул ах. Гьелъие квербакъарав чи (спонсор) вукIана нижерго ракьцояв. Гьесдаги гьарун, нижецаго тIадеги босун, бана гьеб. Дицаги гьабичIони, лъицаха гьабилеб гьениб гьабулеб жоялъе кумек.

**- Мех-мехалда социалиял гьиназда багъарула, школалги къан, манзилалдасан цIали гIуцIизе бугин абураб хабар...**

- Гьедин букIине рес гьечIо. Школалги ралароан, рокъосанго лъимал цIализаризе ракIалда букIарабани. Интерналда бокьараб хъвазеги бицинеги бегьула, амма гьениб хъванщиналда божизе бегьуларо.

**- МагIарул районазул администрациязул кинаб бербалагьи бугеб хъутабазда ругел жамагIатаздеги лъай кьеялъул идарабаздеги?**

- Киналниги районазул хIисаб гьабураб мехалда, дие бокьилаан Хунзахъ районалъул администрациялъе баркала кьезе. Хъутабазда гьабулеб цогIаги тадбир гьоркьоб биччаларо гьез. ЦIияб соналде, ясли-ахикь ругел гьитIичазеги байбихьул классазул цIалдохъабазеги, щибаб лъимер рикIкIун, сайгъатал рачIуна магIарухъа ритIун. Гьединго Микьабилеб марталъул байрамкъоялъ, магIарухъаги рачIун, цо-цо школаги тIаде босун, гьенир гьарула иргадулал тадбирал, кьола доярказе, мугIалимзабазе сайгъатал, тIобитIула концерт. Жидерго хъутабазда ругел гIадамазде лъикIаб бербалагьи букIуна гьезул. Дагьалъ цебе букIараб «Рахьдал мацIалъул бищун лъикIав учитель» абураб кьецалдаги бергьана хундерил хъутаналдаса мугIалим Асият ХIусенова. Бокьилаан цогидал мугIрузул районазги гьездаса мисал босани, жидерго гIадамал гьез кIодо гьаруни.

**- Щиб гьарилеб дуца нилъер гIолеб гIелалъе, школазе ва ватIанцоязе?**

- КIиго-лъабго нухалъ щвана дун Белоруссиялде. Гьениб телевизораздасан къойил бихьизабула рагъул темаялъул фильм. Гьединаб темаялда фильм яги передача рокъоб биччани, нилъер ригьалъул гIадамазе бокьула гьелъухъ балагьизе, амма гIолеб гIелалъ гьелде кIвар кьоларо. ТIоцебесеб иргаялда, букIине ккола ватIаналде рокьи. ХIукуматалъул бихьизабиялда рекъон, исана школазда дарсал кьезе байбихьана, байрахъги борхун, гимналъухъги гIенеккун. Нилъее рес щун буго НВПялъул дарсал школазда цIи гьаризе, захIматалъул дарсал кьезе ва ватIаналде рокьи куцалел тадбирал гIуцIизе. Лъималазда, гIолеб гIелалда лъазе ккола, ватIан щиб жояли. ВатIан буго инсан гьавураб ва гIураб рукъ, росу, район, республика ва Россия. Гьеб бичIчIи кьезе ккола рокъосанго. Дица бищунго аслияб жолъун гьеб рикIкIуна.

*Гара-чIвари гьабуна*
***Р. ГIАЛИСУЛТАНОВАЛЪ.***

# КIалбиччанкъоялъ ятарай ункъачо

**Щибаб къоялъ, радал яхъанщинахъе, яккулаан Фатима шифоньералъуе – гьениб бан букIана КIалбиччанкъоялъ ретIине бугеб хъахIаб гурде, аскIобго - тиризе унелъул, босизе бугеб хъахIаб кьералъул, бантиказ угьараб, накъищаз къачIараб сумкаги.**

**Зама-заманалдасан тIад кверги бахъулаан гьелъ гурдеялда. КIалал кквезеги цIакъайха йикIарай щуго сон барай Фатима. Цо къоялъ гьелъ дахIабабада гьикъана КIалбиччанкъо щвезе чан къо хутIун бугебилан.**



Ума МухIамадовалъул сурат

Саратицаги дахIабабайилан абулаан Салиматида. Цадахъ школалдеги унаан ясал, дахIабабае кумекги кIиязго цадахъ гьабулаан…КIалбиччанкъоялъ ятарай ункъачоца жиндаго аскIоса киениги йиччаларин къотIи гьабуна дахIабабаги хун хутIарай Фатимае.

- АнцIго къоха, дир месед, - илан жаваб кьуна Салиматица.

Ургъалилъе ккарай гIадин лъугьана Фатима. Нахъисеб къоялъ бакъанида, Салиматида аскIоеги ячIун, гьелъ абуна:

- ДахIабаба, дица жакъа ккуна щуго кIал. Цо къоялдаса гурищха гьанже дун тиризе ине кколей? - илан.

Гьедин, къоял инаризе кIоларого йикIана Фатима, хъахIаб гьурде ретIине кьварикIун. Гьединабго гурде гьелъ дахIабабада букъизабун букIана жиндирго гьудул Саратие.

Ясли-ахалда бищунго гIедералгиха гьел рукIарал. Гьенир малъарал кьурдаби, рокъое щварайго, Фатимаца дахIабабадаги малъулаан.

Салиматги сверизе кколаан Фатимада цадахъ, кьурди гьабулаго. КIалбиччанкъоялъ ретIине ругел гурдазда «сверулел» гурдалилан цIар лъун букIана ясаз.

Гьале тIаде щвана, ретIун хъахIал гурдалгун, ясал тиризе унеб къо. ХъахIал гурдалги, гьездаго рекъарал шалалги, хъахIал сумкабиги, хъахIал мачуялги, бантикалги ругел хъахIал носкабиги – жибго бакъуцагицин салам кьолеб букIана кIиго хъахIмиккиялъе. НакIкIалцин хIинкъана гьеб къоялъ бакъуде аскIоре къазе, нагагь бакъул чIоралги тIагIун, ясазул талихI тIуркIилилан. РогьинегIан макьуги кибха гьезда щолеб. Нух битIаги, бабал тIанчIийилан, нухарегIана Саратил эбел Аминатица ясал. Данде ккаразе жидерго гурдазул «бальголъиги» рагьулаан гьез – балагье цо нижер гурдал «сверулел» куцилан, цоцазул квералги ккун, кьурдулаан ясал. Заманалдаса зобгIан хъахIилал, цIолбол гаралгIан гургинал Фатимал беразде пашманлъи рехана – гьелъул рахIат хвезабулеб букIана Саратил сумка цIолеб букIиналъ. Гьелъ хIикмалъи гьабулаан щай киназго гьудулалъе лъикIа-лъикIал сайгъатал кьолел, жиндие конфеталги, вафлабиги кьолел ругелали. Сарат Фатимада дагьай гIамалкIодогоцин кIалъазе лъугьана. Жийго гьитIинай йигониги, Фатимал ботIролъе чIахIиял пикраби рачIунел рукIана:

- Дица дахIабабада Саратиеги букъизабуна диралдаго релълъараб гурде, росизаруна диего гIадал шалги, сумкаги, носкабиги. Цинги щайха ай елъанхъизе кколей дир чIобогояб сумкаялда? – ян ракIалде кколеб букIана гьелда.

Гурдазул «кьурдиги» тIокIалъ лъиениги бихьизабичIо Фатимаца, кверги кквечIо гьелъ Саратил.

- Вай, дуе щвараб берцинаб ясикIо. Диеги бокьун буго гьадинаб, - илан жиндие ункъачоца кьураб ясикIо Фатимаца кодобе босидал, хапун гьелъул кодоса гьеб бахъана Саратица, дурго ункъачода кьезабейиланги абун. ЦIакъго рекIее гIураб къагIидаха Фатимае ясикIо – жиндирго гIадал бералги, кIур-кIургIарал расалги, хъахIаб гьурдеги, хъахIал туфлабиги.

Рек-рекизарун кIутIбигун, гIодилаго, рокъое ана Фатима. ЦIураб сумкаги баччун, Саратги ана рокъое.

Азбаралъуе лъугьунаго, дахIабабада берчIвайдал, Фатимаца гIекI-гIекIиялда гIодилаго, гьикъана жиндир щай ункъачо гьечIейилан, ва, гIодун яхъиндал, бицана жиндиргоги Саратилги ккараб.

Жиндирго квенчIелалда кьижун ккарай ясалъул ясалъул лахIчегIераб рас лъухьулей йикIана Салимат.

КIалбиччанкъоялъ кидаго ракIбакъвалаан Салиматил. Гьеб къоялъ юкъана Салиматица жиндирго яс, Фатимал эбел Жапарат. КIалбиччанкъоялъ щвана гьалъухъе рос кьурулъе вортун вугин абураб ругьелги. Амма йохизе гIиллаги букIана гьалъул - КIалбиччанкъоялда хурхараб – гьеб къоялъ гьаюна дахIабабал Фатима. Фатимаца кIоченабуна гьелда къварилъи-пашманлъи.

ГIодой кIусахъе гъапуллъун ккарай Салимат йорчIизаюна, рокъор ругелищ гIадамалилан ахIделаго ячIуней Аминатил гьаркьица. Цадахъ Саратги йикIана гьелда. Кодоб ккун Фатимал рокьи ккараб доб ясикIоги букIана.

ЯсикIоялъул горбода бан букIана Аминат–ункъачоца Фатимае КIалбиччанкъо баркун кьураб меседил рахас.

ЯсикIоялда берчIварабго, жеги макьидаса тIуянго йигьинчIей Фатимал берал кенчIана, амма гьей ясикIоялде аскIое къазе хIинкъана, нагагь гьанжеги Саратица кьечIонийилан. Амма Сарат жийго ячIана Фатимаде аскIое ва, гьелъул кIаркьадаги баун, ясикIо гьудулалъухъе кьуна. Аминатицаги, ясикIоялъул горбодасаги бахъун, рахас Фатимал горбода бана. Рахасалда цадахъго кулонги букIана. Гьелда, рикIизеги рикIун, рахъун рукIана Фатималги Саратилги суратал.

Гьединаб берцинаб сайгъат хIадурун батана Аминатица ясалъул гьудулалъе. Гьеб Саратидацин лъалароан. Гьединабго рахас букIана Саратил горбодаги. Ва къалъудаса хадурги, ретIун хъахIал гордалгун, Фатимаги Саратги щвараб бакIалдасан тиризе ана. Гьаб нухалда Фатимае ургъел букIинчIо, Саратие лъица щиб кьуниги. Гьелдаги ятана дунялалдаго бищунго лъикIай Аминат ункъачо. Амма КIалбиччанкъоялъ кьураб сайгъаталда лъугIичIо Аминатил лъикIлъи.

Ахираб заманалда унтун йикIарай Салиматида хадуб хъулухъ гьабизе чиги вукIинчIо. Аминатицаги гьелъул рос АхIмадицаги жидерго доре рачана дахIабабаги Фатимаги. Саратицаги дахIабабайилан абулаан Салиматида. Цадахъ школалдеги унаан ясал, дахIабабае кумекги кIиязго цадахъ гьабулаан…

КIалбиччанкъоялъ ятарай ункъачоца жиндаго аскIоса киениги йиччаларин къотIи гьабуна дахIабабаги хун хутIарай Фатимае.

## Эбелалъул саринazда даимал симсаллъун…

**Унел руго къоял, къотIун гьечIо рагъ,**
**Къваридал ругьелаз гIодула улбул.**
**Рачун тарал лъудбуз къаси бусада**
**Балъго тIолеб буго бухIараб магIу…**

Солдатасул эбел! Бахиллъизе бачIуна васасда хадуб угьдулеб магIуялъ лъалъараб, къварилъиялъул къебелъухъ лъадараб гьелъул сабруялда. Васасе шапакъатал щведалги къварилъула гьей, гьев чIванин бачараб чIегIераб хабаралъги чIван лъола гьей, щиб бихьаниги, чаранлъун къвакIунги чIола. ВатIаналъул гIорхъода ахIвал-хIал хIалуцараб гьаб заманалда, цебесаго унеб гьечIо бахIарчияй эбелалъул сипат:

- Къункърраялде сверарав бахIарчияв вас. Гьесухъ инагьдулей эбел.

Солдатасул эбел! Васас гIумруялъулго къо-лъикI гьабуралдаса макьу щун кьижичIей, кьижун гIорцIичIей. Жакъаги рагIулеб буго васасдаса ятIалъарай эбелалъул, гьелегьараб цIадул бухIиялъул гIадаб магIил чили. Гьеб чилиялда цадахъ зобалги угьдула ракьалги инагьдула. Амма эбелалъул ракIалъ кинабго захIмалъи баччула, хIехьола.

Солдатасул эбелалъул магIу. Цого къисмат бугеб, цо къиса бугеб. Амма гьеб магIилъ буго цо кунчIиги. ВатIаналъе гIоло гIумру кьурал васаздаса чIухIи. Гьеб чIухIи улбуз лъазе толаро. Гьединаб букIуна чIужугIаданалъул гIумруялъул гьа - лъималаздаса бугеб рохелги чIухIиги балъго гьаби.

Долдаса нахъе моцIгIан заман ун батила – «ХIакъикъат» газеталда СВОялъул гIахьалчи, Казбек районалъул Гуни росулъа кIиго нухалда БихьинчилъиялЪул орден щварав МухIамад ХIасановасул хIакъалъулъ хъвараладаса.

Гьесул гьунаразул хIакъалъулъ рагIидалги, бахъараб передача бихьидалги, бокьана хъвазе, бицине магIарулазе гьесул гьунаразул хIакъалъулъ. Гьеб мурадгун щвана гьесул яц Мариятихъеги. Вацасул лъимерлъиялъулги гьабсагIаталда гьесул бугеб гIумру-яшавалъулги бицун гIорцулей йикIинчIо гьей. Ва гьале кватIичIого рагIана хабар, МухIамадги анин хъахIал къункърабазухъейилан абураб.

Цо лахIзаталъ лъалхъана гIумру. ГIунун хутIана эбелалъул магIу. Сородана гьелъул кечI. Эбелалъул гьайбатал саринazда даимал симсаллъун хутIизе руго, бахIарчияв вас къункърабазул тIелалъухъе нухарегIарал, цIункIулукIазде сверараб магIу.

ГIемер ракIалде щола Мариятил рагIабиги:

- *МухIамадил гIамалалда цо-цо мехалда хIинкъизеги бачIуна, щайин абуни, гьес цIакъго хIасратго, гIащикъго бицуна гIумруялъул хIакъалъулъ. ГьодигIан гIумру хирияв гьосул къисмат кинабдай букIинебин абурал, ботIролъе рачIунел цо-цо хIабургъарал пикрабаз рахIатги толеб гьечIо. Сардилъ йорчIидалги, талихIалъ кенчIелел рукIунел вацасул берал тIамула цере. Нижерго росулъа Россиялъул БахIарчи Арзулум Ильясовасул хIакъалъулъги гIемер бицуна гьес. ГIемерал анищал руго дир вацасул. ГIедегIун вуго гьев гIумру гьабизе.*

Цоги бахIарчилъиялъ берцин гьабуна миллаталъул къисмат. Ана ахирисеб сапаралъ цоги бахIарчи…

Нус-нус эбелалъул магIил гараз жакъаги нуха регIулел руго жидерго васал-солдатал хъахIал къункърабазухъе. БахIарчиял васазул бахIарчиял цIаразда цадахъго гьез даимлъиялде ритIулел руго гIунараб магIуги ахIун бахъинчIеб кечIги.

ТIадегIанас сабру кьеги солдатазул улбузе!

*Гьумер хIадур гьабуна*
*Шамай ХЪАЗАНБИЕВА*

# ГьитIиновалъ хъваралда тIадги ургъула…

**ТIоцебесеб нухалда «ХIакъикъаталъул» редакциялде щведал, ГьитIинова ПатIиматица дида гьикъана, магIарухъ умумузул мина цIунун бугищин. ГьечIин абидал, гьелъ бадибчIвай гьабуна, гьедин тезе бегьуларин абун. Хадуб гьелъ мухIканго халгьабуна дица рачIарал асаразухъ ва кватIичIого, хиса-басиялгун ритIизариялги гьарун, ай «сургуги бахъун», газеталда бачIана дир кучIдузул гьумер.**

**«ХIакъикъаталъул» щибаб номер цIалула дица. Дагьалъ цебе гьениб бачIана ХIажи ГIарипов ракIалде щвеялъул мурадалда хъвараб «Суратаздаса нилъ нечараб заман» абураб ГьитIиновалъул макъала. Байбихьудаса ахиралде щвезегIан цIалана гьебги. Цоги нухалда хIисаб гьабуна: тIадкъараб хIалтIи, КПССалъ малъухъе нухда бачарав ХIажи ГIариповасул къисматалъул – доб заманалда художникас бахъараб сурат нахъарокъоб рехун бати… ЦIияб заманалда КПСС къваригIун гьечIин абурал ГъалбацIовасул рагIаби: гIемерал бахIсал рукIуна гьеб ункъо хIарпалда сверухъ, магIарухъ чIунтулел ругел умумузул минабазда сверухъго гIадин.**

**Тарих лъалел чагIазда бичIчIула: КПССалъул мина – СССР – биххизабуна «жидерго къехьалъул» гурони ургъел гьабуларел чагIаз.**

Гъизилюрталдаса МахIачхъалаялде 50 соналъ дун хьвадулеб нухда ккана гIемерал хиса-басиял. Къокъго абуни, рекьулел рукIарал гIатIиракьазда рижана росаби: Къоркъмасхъала, ЦIияб ГIурада, Учкент; рана заправкаби ва гь.ц. Дагь-дагьккун, батIи-батIиял бакIалги ран, «кваналеб» буго бекьулеб ракь. 2017 соналда дун щун вукIана ГIизраилалде, зияраталъ щвана «Аль-Акъса» мажгиталдеги. Иерусалималдаги Тель-Авивалдаги гьоркьоб бугеб нухлул рагIаллъабазда киса-кирго руго фермаби, чIун руго гIисинал гъутIби. Щибаб гъветIалда аскIоб буго ракул гохI. ГIисинал шагьаралгун росаби ран руго гохI-щобазда, лабаллъабазда, ай бекьизе санагIат гьечIеб бакIалда.

Араб гIасруялъул 90-абилел соназда «капельное орошение» гьабулеб къагIида малъизе Дагъистаналде рачIун рукIана жугьутIал. Гьез абулеб букIана: «Нуж гIабдалзаби руго. ГIантав чияс гурони бекьулеб ракьалда тIад мина баларо?» - ян. ГIадамал жалго тезе ккола, ПатIимат, жидерго бетIербахъиялъе санагIатаб нух батизе. Халкъалда батула гьеб – битIараб, ритIухъаб нух. Коммунистазул, ай дол ракьалги рахъун колхозал гIуцIулеб, заманалда жиндие гIакъуба кьуразда тIаса лъугьунищ халкъ? Лъугьинеги бегьула, амма доб заманалда жидерго бетIербахъиялъе хIажатаб хIалтIи гьабизе гIадамазе кьолеб букIана анкьил цо къо. Дида ракIалда буго 50-абилел соназда хIатIида гIицIго хьвадараб заман. Нах бахъизе бакъдебуссалъул хьонги (семечка) чIинтIун, тIокIлъараб хутIел бачIунаан тукада бичизе – боцIуе кIалцIи хIисабалда. Ниж, ракъарал лъимал, рекерулаан гьениса гьеб гьаризе яги бикъизе…

ГIатIиракьалде гочинариялъул хIасилалда унтун хваразул бицинарин. ГьанжегIаги тезе ккела халкъ цо хIалалда. Расулица абухъего:

**Россия, гIумруялъ бичIчIичIеб улка,**
**Мун бечIчIулел гьанже гIемерлъун руго,**
**Гьеб дур гIахьалаб ракь бекьиялдаса**
**Бикьизе бокьарал гьарзалъун руго.**

Бикьун лъугIун буго умумузул букIараб ракь. Авлахъазда ругезеги щвана ракьал: паязухъ, акциязухъ. Гьел ракьал гIадамазе хутIилилан ракIчIолищ? ЧIоларо, ПатIимат ГьитIинова! Ракь хIалтIизабизе ккани, гьелъул бетIергьанасда ракIчIун лъазе ккола, гьеб жиндихъа бахъун унареблъи. Гьеб, лъимер гIадин, хьихьизе кколелъул. Ижара абураб рагIи буго божилъи гьечIеб. Гьелда сверухъги гIемер сихIраби гьарула. 25-ялдаса цIикIкIун сон ана, ижараялъеян абун, ракьал кьолелдаса. ГIадамаз жидерго гIарцухъ бачана гьел ракьазде лъим. ХутIана ижараялъул 20 сон. Кинаб пайда щвараб, масала, ижараялъе босараб ракьалда ах гIезабурав чиясе? Пайда щвезе ккани, гьанжеги цIигьабизе ккела гьеб 50-сонилаб ижара.

Ракь хIалтIизабулев чиясе гьабулеб гьечIо кинабгIаги кумек. Щай бегьулареб, цо пуланаб районалда яги росулъ векьарухъанасе хIажатаб техникаги данде гьабун, ракь хIалтIизабулев чиясе гьелдаса пайда босизе рес кьезе? Бегьилаан техника хIалтIизабиялъухъ мухьги чIезабизе. Жакъа кIиго-лъабго сагIаталъ хIалтIун, трактористасе кьезе кколеб буго учителасул яги тохтурасул моцIрол харжалде бащалъулеб мухь. Халкъалъухъа бакIарараб магъалоялъ чехь гIорцIизабурав хIакимчиясе гьелъул кинабгIаги ургъел гьечIо, ПатIимат!

«ХIакъикъаталъул» гьурмаздаги ратулел гьечIо ракьалъулги мацIалъулги тема роцIинабизе бажарулел макъалаби, батIи-батIиял районазда бугеб ахIвал-хIалалъул хIакъалъулъ баянал. Щиб гьабулел ругел росдал магIишаталъул тIалаб гьабизе тIадал росабазул хIакимзаби? Кье, ПатIимат, гьеб суал гьезие. Масала, чIолеб буго цIияб ах – кибе унеб бугеб 200 гъветI босаралъухъ кьолеб субсидия? Кьоларо субсидия – ракь дагь бугилан. Гьикъе гIухьбузда – щиб хIал бугебан.

Халкъалъе кумек гьабулеб гьечIо – гьабулеб буго садакъа. Ругъжаб росдал тIолабго ракь кьун буго халкъалъухъе – росулъ хутIаразухъе ижараялъе. Гьебги – ракьалъул хIакъикъиял бетIергьабиги гьезул лъималги ва лъималазул лъималги чIаго рукIаго. Бегьилаан гьеле гьез ракьал ижараялъе кьезе ва жидее щвараб хайиралдаса налогги кьезабизе гьезда. Дагъистаналда хIалтIизабулеб бугеб ижараялъул къагIида ккола хадубккун кида-къадги, ай букIинеселда, кьвагьизелъун лъураб «мина». Дур пикру кинаб бугеб, ПатIимат?

Цоги, ПатIимат, рахьдал мацI цIунизе кколин абун, тIоритIулел лъугIелго гьечIел данделъабазул кинаб пайда бугеб? Ракке школазде, цебеккун лъазабичIого, а дарсазде, хъвай диктантал. Аза-азар тадбир гIуцIизе рес буго рахьдал мацIалъул учительзабазе. Тепсиязда нахъа гIодор чIун, кьурди-кечIалде руссун, мацI цIунуларо. Харж босун гIоларо – учитель хIалтIизе ккола. МацI цIунизеян абун батIи-батIиял фондал гIуцIиялъулъги дида бихьула жалго реццизе, жидеего кепкал ралагьизе гьезул гIуцIарухъаби лъугьин.

ПатIимат, гIумруялъ жинцаго бицуна, щиб гьабизе кколебали. ШартIазулги ресазулги хIисаб гьабичIого, «гьаб гьабе, доб гьабеян» нилъ гьорлъе лъугьин чIалгIун буго Дагъистаналъул халкъалда. Дуралдасаги диралдасаги цIикIкIараб букIуна халкъалъул гIакълу. КъваригIун букIана халкъалъе эркенлъи. Щвана. КъваригIун букIана ракь – кьуна. КъваригIун буго ракьалда сверухъ бугеб рищватчилъи тIагIинабизе. Турциялда гьеб тIагIинабуна апарагзабаз. Гьаниб щай кIолареб, ПатIимат? Гьабураб биххизабичIого, метер бажаричIони, сезе, лезениги байбихьизе ккола гьеб иш.

Бокьилаан, ГьитIинова ПатIимат, дур роцIарал рекIел пикрабаз ниж роцIцIинаризе, иман-исламалъул кинаб бербалагьи бугеб гьеб «ракь» ва «мацI» абурал КьилимегIергIанасел кIудиял темабазда тIасаяли лъазе.

ПатIимат, чурпадулъе бараб цIамалъ гIадин, дица хъваралъе цIамлъун жубалеб буго гьаб кечIги:

**Дун чIела гьанивго, нахъвуссунаро,**
**Авлахъалда ракьулъ рекьана кьалбал.**
**Рорхатал мугIрулгун гъваридал кIкIалал**
**Урхъаразе тела, нахъвуссинаро.**

**Гьел кIочон телищха – щола росулъе,**
**Эбел-инсул хобал… гIенеккун чIола.**
**ГIенеккун кIоларо – тIинкIула гарал –**
**Нижей гIоло тIураб гIетIалъул лъарал.**

**Генсеказул заман, гIаздалаб гIасру,**
**Базени бараб гьеб, дагьго лъалхъараб,**
**Мискинал рукъзабахъ – нисуги хинкIги,**
**Жидейго хIалтIизе анкьил цо къоги.**

**Эхере! Эхеде! Гочеян ахIдон,**
**Халкъ бакъизабурал, жалго гIорцIарал,**
**«КочIохъаби» руго ракIалда хутIун,**
**ГIенеккарав дунги – гIицIал хIатIалгун.**

**МугIрузул тIабигIат цо хIалалъ течIез**
**Гьелъул мацI бичIчIулел гIадамазе те.**
**Гьез кIиязго цадахъ, цоцай хIалай чIун,**
**Гьарила тIегьазе некIсиял мугIрул.**

*Ругъжаса ГIАЛИСУЛТАН*

# Бесдалалъухъе бегьараб квер

Дун йиго Гумбет районалъул ЧIиркъатIа росулъа Пахруева ПатIимат. 2001 соналда, тIоцебесеб классалде ячун заман балелде, камуна дие эмен. Гьесул анищ букIана дун тохтурлъун яхъине, живгоги ракI унтарав чи вукIиндал батила. Инсул анищ тIубазе дие кумек гьабуна учительзабаз, гIагарлъиялъ, хасго дир эбелалъул эбел Юнусова Асиятица.

Берзул канлъи дагьлъун бугониги, гьелъие бокьула газета цIализе. Гьединлъидал бокьана гьаб баркалаялъул кагъат хъвазеги: Аллагьги разилъизе, дир бабаги йохизе – гьей гьаюраб къоги баркизе, цогидазе мисаллъунги букIине.

**Жакъа бокьун буго, вацалгун яцал,**
**Газета гьоркьоб ккун баркала кьезе.**
**Дун гIезе гьаюрай, гIазизай бабу,**
**Гьаюраб къо баркун, кIодо гьайизе.**

**Кьеги дуе талихI, таги мун чIаго,**
**АнцIабго килищги канае бакун,**
**Нижер гьаб гIумруго берцин гьабизе.**
**Дир гIамал берцинай, дир рагIи гьуин.**

**Щибаб какда хадуб гьарулеб буго,**
**Аллагьилан ахIун, ХIабибан хIелун:**
**ЦIуне, Аллагь, Дуца хIеренай бабу**
**Унта-шокъалдаса, балагьаздаса.**

**Кьеги дуй Аллагьас жеги нусго сон,**
**Гордуда цIороялъ цIорода гIадал**
**Берцинал накъишаз гьаб нижер гIумру,**
**Нуралъ гIадин дуца гвангъизабизе.**

**Дир инсул ахираб анищ тIубазе,**
**Дир тохтур яхъине дуе бокьана.**
**Къана дуца дие къвакIараб рачел,**
**РекIелъа инаро дур хIаракатлъи.**

**Амма жакъа дун дур хьолбохъги гьечIо,**
**Мун гьаюраб къоги дуда баркизе.**
**БачIина газета духъе, рагьдухъе,**
**Дир гьал рагIабигун ва баркалагун.**



# ЦIалунищ лъикI, яги цIаличIогойищ?

**Жиб гIуцIаралдаса исана 107 сон сверараб «ХIакъикъат» газеталъ магIарулазул тарихалда кIудияб бакI ккола. ГIасруялдасаги цIикIкIун мех сверараб газета, кинаб заман бачIаниги, цIиял харбалгун, «тIагIамал» макъалабигун щивав магIаруласухъе анкьи-анкьида жаниб щолеб чапар буго. 1917 соналдаса нахъе чанги гIор эхебеги ана, хIатта тIадгицин буссун батила, амма сундухъниги балагьичIого, цIиял технологияз дунял цIураб жакъа къоялдаги, газетаги цIалулел, гьелъулгун гьудуллъиги бугел магIарулал гIезегIан руго.**

**Пикру ккана газеталда сверун жакъа къоялда бугеб ахIвал-хIалалдаги газеталдехун бугеб бербалагьиялдаги тIасан цо-цо магIарулазул пикру цIехезе.**

**Саният Сагитова, учительница, МахIачхъала шагьар**



- Дун газеталгун журналазда кIудияб гIуна. БатIи-батIияй журналал, газетал рукIунаан нижер лъимерлъияда. Киназго гьел кIудияб гьираялда цIализеги цIалулаан. Жакъа дица гьедин бицунелъул, гIолилазда ракIалде ккезе бегьула дун НикIалайил заманаялъго йикIарай чIужу йигинги.

МагIарул газеталъе къимат къезе дида жакъа кIвеларо, щайгурелъул гIезегIан мех буго щвалде щун гьеб цIаличIелдаса. Эбел-инсухъе щвезе росулъе индал (гьез подписка гьабула), цо-цо макъалаби цIалула.

Газеталда кинал материалал цIикIкIун рахъани лъикI букIинебан гьикъани, дир пикруялда, жакъа гIадамазул, хасго гIолилазул кIудияб гьира буго нилъерго тарих лъазе. Щибаб росдал, гьенир ругел бакIазул хъвани интерес букIинаан. Масала, чанги руго арал гIасрабазда гIезегIан машгьураллъун рукIарал, амма жакъасеб гIелалда цIаргицин лъаларел ракьцоял. Гьезул цIикIкIун хъвани, лъикI букIинаан.

**Тимур Ахъбердиев, жамгIияв хIаракатчи, «Тахшагьар» жамгIияб гIуцIиялъул нухмалъулев, Хунзахъ росу**



- Ункъо сон буго дир шагьаралдаса магIарухъе – Хунзахъе - вахъаралдаса. Гьелдаса нахъе байбихьана дица магIарул басма цIализе. Аслияб куцалъ цIалула Хунзахъ районалъул «Росдал захIматчи» газета. Дагьалъ цебегIан дун тIаде ккана «ХIакъикъат» газеталъул телеграм-каналалде. Гьенирги гIезегIан интересал ва пайдаял баянал, медиа-материалал дандчIвана.

Жакъа къоялда дие магIарул газеталъул пайда буго цохIо цIиял баянал лъай гурелги, магIарул мацIалъул лексика гIатIид гьабиялъулъги. Шагьаралда гIумру гьабун вугебгIан мехалъ кIочон тарал чанги рагIаби ракIалде щола дида магIарул газеталда рахъарал макъалабаздасан.

Дида ккола чIей гьечIого церетIун унеб дунялги букIаго, ургъулел, рахъулел цIиял технологиялги рукIаго, кигIан нилъее бокьичIониги, кагътида рахъулел басмабазул букIинесеб лъикIаб букIинарин.

Гьебго рахъдал мацIалъул цIуниялъул суалалда хурхунги, жакъа гIадаб бербалагьи нилъер бугони, гьелъулги кинаб букIинисебха букIинеб? Дица абулеб буго литературияб мацIалъул хIакъалъулъ.

Гьединлъидал, жакъа нилъеда гьабизе кIолеб жо – гьеб цIуниялъул мурадалда, гурун гьуждулгун бажараб хIалтIи гьаби ва гьеб цIунун хутIагиян дугIа гьаби буго.

**МухIамад Мусаев, поэт, МахIачхъала шагьар**



- БитIун бицани, исанаго-исана байбихьана дица тIадчIун авар мацIалда хъварал газеталгун журналал цIализе.

Аслияб куцалъ дихъе гьел цIализе щола гIодоркъояз росулъе щведал. ГьабсагIаталда жаниб аслияб куцалъ дица цIалула «Ассалам» газеталда рахъулел исламияб диналъул ва рухIияб темабаздасан хъварал макъалаби.

«ХIакъикъат» газеталъулгун гьанжего гьанже гьорлъе лъугьун лъайхъвай гьабулеб буго. РакIалда буго гIагараб заманалда подписка гьабизеги.

Дир гIелцоязе жакъа къоялда цIикIкIун бокьулеб буго электронияб кьагIидаялда хъвараб информация цIализе. Диейин абуни, кодобги ккун, регулаго тIанчалгун цIалулеб тIехь ялъуни газет-журналго бокьула. Гьединлъидал кIудияб хьул буго кагътил тайпаги цIунун хутIилин.

Аслияб къагIидаялъ дие бокьула нилъер тарихалда ва маданияталда хурхарал материалал цIализе.

Кагътида къватIибе бахъулеб газета халкъалда, хасго гIун бачIунеб гIелалда гьоркьоб тIибитIизабизе, цIалудехун гьира бижизабизе гIезегIан хIалтIи гьабизе ккараб хIал буго, дир пикруялда. Дида лъала, «ХIакъикъат» газеталъ гIемерал батIи-батIиял тадбирал тIоритIула цIалдолезда – лъималазда ва чIахIиязда гьоркьор.

Дир пикруялда, гIемерисезда лъалеб гьечIо подписка кин ва кисан гьабизе бегьулебали. Гьедин чIванчIобого гьеб букIунеблъи лъалебани, гIемерисез хъвалаан газета.

ПалхIасил, газеталъ гьабулеб хIалтIиги, гьелъул жанисеб гIумруги цIикIкIун социалиял гьиназдасан бихьизабуни, лъикI букIина.

**Зайнаб ГIумарова, ДГПУялъул Дагъистаналъул филологиялъул факультеталъул декан**



- 11-12 сон баралдаса нахъе магIарул газеталъулгун ккараб гьудуллъи, жеги щулаго цIунун хутIун буго. Жакъа къоялдаги дица кIудияб гьираялда цIалула магIарул басма.

Студентазулги гьеб цIалиялдехун гьира бижизабизе гIоло, факультеталде подпискаги гьабун, гьанирегги рачIуна гьел.

МугIалим хIисабалда, бищунго дие рекIее гIолеб ва пайда бугеб «ХIакъикъаталъул» рубрика ккола – «Мактаб». Бокьилаан, цебего гIадин, гьеб рубрикаялда хъвалел материалалги цIикIкIинаруни. Гьединалго дие рекIее гIолел рубрикаби руго исламияб диналда хурхарал баянал мухIканго кьолеб - «Дин ва гIумру», миллияб мацIалдаги, адабиятгун маданиятaлдаги хурхарал цIиял хабарал ва баянал кьолеб «Маданият» рубрикаби. Дир гуребги, гIемерисезул ракI щвараб рубрика ккола «Бахьикъос».

Миллиял басмабазул букIинесеълъул хIисаб гьабулаго, дица абила нилъеца гьеб цIуниялъе ва цебетIеялъе хIалкIвараб хIалтIи гьабизе кколин. Нилъеца авар мацIалда хъварал текстал кагътидасан цIалулел гьечIони – кинаб кеп гьелъул букIунеб?

Дир пикруялда, миллиял басмабазул букIинесеб буго ва букIинеги ккола. Нилъер миллаталъул матIулъун бугеб «ХIакъикъат» газета цIунизеги, щивав магIарулас кодобеги босун цIализе букIине гIоло нилъеца цадахъ рекъон кIвараб хIалтIиги гьабизе ккола.

**ХIалимат Иссаева, Самилахъ росу, пенсионер**



- Дида цIалдезе лъаралдаса нахъе газет-журналги тIехьги кодоса биччачIо. Нижер рокъобги кидаго газет-журнал камураб мех букIинчIо. Хасго бокьула магIарул мацIалда хъвараб цIализе.

> Дие рокьула рухIияб темаялда тIасан хъварал макъалаби. Жакъа киса-кибго рухIияб тарбия кьеялъул иш цIакъ тархъун буго.

Жакъа къоялдаги дир рокъобе чанго батIияб газета бачIуна. «ХIакъикъат» газеталъул гьурмаздасан дица цIалула республикаялда ва гьеб тун къватIиб бугеб ахIвал-хIалалъул, батIи-батIияб хъулухъ-ишалда ругел машгьурал ва гьединго гIадатиял магIарулазул хIакъалъулъ. Амма бищунго дие рокьула рухIияб темаялда тIасан хъварал макъалаби. Жакъа киса-кибго рухIияб тарбия кьеялъул иш цIакъ тархъун буго. Газеталда ратарал гьединал макъалаби дица гIага-божаразул ва лъалехъвалезул лъималазе, гIун бачIунеб гIелалъе цIалула, макъалабазда ратарал цо-цо пикраби батIаго росун тIанчидаги хъван гьелгицин рикьула. Бокьилаан, гьединал темабазда цIикIкIун макъалаби хъвани.

Дун гIезегIан соназ медсестралъун хIалтIана. Гьединлъидал дару-сабабалда хурхарал макъалаби, малъахъваял, тохтурзабазулгун гьарурал гара-чIвариялги дица кIудияб гьираялда цIалула ва цогидаздаги рицуна.

Амма ахириял соназда дида бихьулеб буго ниж гIолохъанаб мехалъ гIадаб интерес жакъасел гIолилазул газетаздехун гьечIеблъи. Гьезда цIиябщинаб жо лъалеб бакI буго интернет. Цо нухалъ интернеталда алоэялъул хIакъалъулъ баянал ралагьеян гьарана аскIор ругезда. Цо бакIалда хъван батана гьелъул кIудияб пайда букIунин, цогидаб бакIалда – зарал букIунин. Гьелда дирги интернеталъулги гьоркьоблъи лъугIана (елъулаго).

*МухIамад МАНАПОВ*

# Кавказалъул рагъ лъугІун хадуб Дагъистан

30-ялдасаги цІикІкІун соналъ халатбахъараб Кавказалъул рагъ лъугІун хадуб пачаясул Россиялъ, 1860 соналъул 5 апрелалда гьабураб проекталда рекъон, Дагъистан область бикьана ункъо рагъулаб округалде:

1. Севернияб Дагъистан;
2. Югалъулаб Дагъистан;
3. Гьоркьохъеб Дагъистан;
4. ТІадехунисеб Дагъистан.

ГІуцІана Дербенталъул градоначальство ва Петровск порталъул шагьаралъул управление.

Рагъулал округазда жанир гІуцІун рукІана управлениял, хадур гьел рикьана наиблъабазде, участкабазде.

Дагъисталалда советияб власть бергьун хадуб округал наиблъаби, участкаби хвезаруна, гІуцІана кантонал, районал.

МагІарулазул ракьалда 1860 соналдаса советияб гІуцІиялде щвезегІан гьарурал административиялгун территориалиял хиса-басиязул хІакъалъулъ нижеца кьезе буго хадубги.

## Округал

### Гъуниб округ (Центр - Гъуниб росу)

ГІуцІана 1860 соналъул 5 апрелалда Дагъистан областалъул Гьоркьохъеб Дагъистан отделалда гьоркьоб хадур рехсарал росабазул жамгІиятаздасан – ГІандалал, Сугъралъ, ТІелекь, Къарахъ, Кьенсерухъ, Ракьуб - ГІахьвахъ, Кьорода-КІуяда, СалтІа ва Гъойсубул, дагъаб хадуб – ЧІохъ.

1865 соналъул 25 июналда ЧІохъ ва Сугъралъ наиблъаби цолъизаруна ГІандалал наиблъиялде, Унсоколо ва ГьаракІуни – Гъойсубулиялде ва гьеб кьуна Авар округалда гьоркьобе. Гьебго заманалда Гъуниб округалде цолъизаруна хвезабураб БежтІа округалда гьоркьор рукІарал БежтІа, Журмут, Богьнада, Анцухъ, УхІнада, Лъебелал, Таш ва цогидалги жамгІиятал.

> 1908-1913 соназда округалда рукІана ГІандалал, Анцухъ-Капучи, КІуяда, ТІелекь-Гьидалъ ва Кьенсерухъ участкаби.

1869 соналъул 5 марталда ТІелекь наиблъи хвезабуна. Гьелда гьорлъ букІараб Къарахъ жамгІият Кьенсерухъ наиблъиялде кьуна. ТІелекь цолъизабуна Гьидалъ наиблъиялде ва гІуцІана ТІелекь-Гьидалъ наиблъи.

1884 соналъ округалда рукІана Кьенсерухъ, ГІандалал, ТІелекь-Гьидалъ, КІуяда, Анцухъ-Капучи, Богьнада наиблъаби.

1908-1913 соназда округалда рукІана ГІандалал, Анцухъ-Капучи, КІуяда, ТІелекь-Гьидалъ ва Кьенсерухъ участкаби.

### 1913 соналда округалда рукІарал участкаби:

**ГІандалал участок, центр Гъуниб щулалъи** - БацІада, КІогьориб, Кудали, Куллинское (Кулаб?), МохІоб, Ругъжаб, СалтІа, Сугъралъ, Хьиндахъ, ХІотІочІиб, ЧІохъ, Щулани, ГІобохъ.

**Анцухъ-Капучи участок. Центр – ЧІадаколо** – АнцІросо, Богьнода, БежтІа, Гьагъар, Журмут, КІособ, НахІада-Гъарбукь, ТІаса Таш, Гьоркьа Таш, Гьоркьоб Таш, Лъебел, Кьадал, Кьанада, ТІонсода, ТІохъ, УхІнада.

**КІуяда участок. Центр Кьорода щулалъи** - Хьаргаби, Гьонода, Дарада-Мурада, КІикІуни, Кьорода, КІуяда, МагІли, Хъвартихьуни.

**ТІелекь-Гьидалъ участок. Центр ГІурада** - Гьандихъ, ГІасаб, ГІахьвахъ, Гьогъолъ, Гьолокь, Гьоор, ЗанатІа, КъахІиб, Кьваниб, МачІада, Могьохъ, НитІаб, Ракьуб, Ругъелда, ТІидиб, ТІелекь, Лъануб, ГІуриб, ГІурада, Хучада, ЦІекІоб.

**Кьенсерухъ участок. Центр ГІириб** - Арчиб, Гьачада, Гьилиб, Гьочоб, Гьунухъ, Дусрахъ, ГІириб, Кьосрода, КІучраб, Магъар, Мошоб, Мугурухъ, Нукъуш, Рилъаб, Сагада, Лъалухъ, Кьорош, ХІурухъ, Щенеб, ЦІулда, Шалиб.

Гъуниб округ ДАССРалде гьоркьобе бачана 1921 соналъул 20 январалда ВЦИКалъул декреталда рекъон, гьелъул цересел гІорхъабазда рекъон.

Округ хвезабуна 1928 соналъул 22 ноябралда ДАССРалъул ЦИКалъул VI ахІиялъул 4 сессиялъул хІукмуялдалъун Дагъистаналда районал гІуцІизе проект гьабун хадуб.

Округалъул ракь бикьун хадуб Гъуниб, КъахІиб ва ЧІарада районазда гьоркьор аслиял административиялгун территориалиял гІуцІабилъун рукІана участкаби. Гьел хвезаруна 1926 соналъул 28 марталда ДАССРалъул ЦИКалъ гьабураб хІукмуялдалъун.

Анцухъ-Капучи участокалъул кьучІалда гІуцІана район.

Участкаби – ГІандалал, Анцухъ-Капучи, Богьнада, Къарахъ, КІуяда, ТІелекь- Гьидалъ, Кьенсерухъ.



Цебе заманалда - Гъуниб.

### БежтІа округ (Центр - БежтІа росу)

БежтІа округ гІуцІана 1860 соналъул 20 апрелалда 1859 соналъул лезгиязул кордонный линиялда (ЧІар-Белокан округ) гьоркьобе рехун букІараб ТІасияб Дагъистаналъул ракьаздаса ва гьеб гьоркьобе бачана Дагъистан областалъул ТІасияб Дагъистан рагъулаб отделалде.

Округалде гьоркьоре унел рукІана Журмут, Богьнада, УхІнада, Къел-АнцІросо, Таш, Анцухъ, Лъондода, Дидо, ТІинди, Хъваршини, Лъебел росаби.

1861 соналъул 20 июлалда ТІинди ва Хъваршини росаби ГІанди округалде гьоркьоре рехана. Округ хвезабуна 1865 соналъул 25 июлалда. Гьелда гьоркьоб букІараб щуго наиблъи жубазабуна. Гьоркьосеб Дагъистаналъул кІиго округалде гьоркьобе: ГІанди округалде гьоркьобе кьуна Лъондода, Дидо, ТІинди, Хъваршини, Гъуниб округалда гьоркьоре хутІарал – Анцухъ, Богьнада, Журмут, Къел – АнцІросо, Таш, Лъебел, УхІнада.

### ГІанди округ (Центр - Болъихъ росу)

ГІанди округ гІуцІана 1861 соналъул 20 июлалда ГІанди гІоралъул квегІаб рахъалда ругел ракьаздасан. 1859 соналда гьел ракьал заманалъ цолъизарун рукІана Кавказалъул мухъалъул (линиялъул) квегІаб рахъалде. 1860 соналда гьел ракьал Терский областалде рехун рукІана.

Гьел ракьал - Ункъракь, ЧІамалал, ТІехІнуцал, ГІанди, Гумбет ва цо бутІа БежтІа округалъул. Гьоркьохъеб Дагъистаналда гьоркьобе бачІана анлъго наиблъигун - Гумбет, ГІанди, ТІехІнуцал, ЧІамалазулгун Ункъракьалъул, ТІинди ва Хъварши.

1865 соналъул 25 июлалда округ гьоркьобе бачана ЦІияб БакътІерхьул Дагъистан отделалде, гьебго заманалда – Авар округалдаса КІаратІа наиблъи бачуна ГІанди округалда гьоркьобе. Хвезабураб БежтІа округалдаса ГІанди округалде гьоркьобе бачуна КІванада ва Дидо, ТІиндадерил наиблъиялда гьоркьобеги бачуна Хъварши наиблъиги.

1908-1913 соназда округалда рукІана Гумбет, КІаратІагун ТІехІнуцалазул ва Ункъракь – Дидоязул участкаби.

### 1913 соналда участкабазда рукІарал росаби

**1. Гумбет участок. (Центр МелъелтІа росу)** - Аргъвани, ГІаркьухъ, Гъадари, Данухъ, Ингиши, ТІаса Инхо, Гьоркьа Инхо, ИчичІали, КІижани, Килаъ, МелъелтІа, Сивухъ, ЛъаратІа, ЦІиликь, ЦІунди, ЧІиркъатІа, ЧІикь, Шабдухъ.

ГІанди (Центр ГІанди росу) гьенив вукІана Гумбет участкаялъул начальникасул кумекчи, 1 – Гьагъалъ, Зило ва РикІвани.

**2. КІаратІа – ТІехІнуцалазул участок. (Центр Болъихъ росу)** – Агъвали, АнсалтІа, Болъихъ, Гьадири, Гьаквари, Гьигьалъ, Гъодобери, Зибирхьали, Кванхидалъ, Кванхи, ЛъарІарсо, Муни, РичІагьанихъ, ТІандо, ЦІумада, Чадири, Шодрода; КІаратІа (центр КІаратІа росу) гьенив вукІана КІаратІа - ТІехІнуцалазул начальникасул кумекчи. ГІалахъ, Акнада, Ангъида, ГІанчихъ, Гьимерсо, Изани, КІванада, Ингердахъ, ТІарада Инхело, Гьоркьа Инхело, КІудиябросо, МестІерухъ, Рацилъ, ТІадмагъилъ, ТІинди, Лъибишо, Лъондода, ТІукитІа, Хелекьури, Хуштада, ЦІолода.

**3. Ункъракь-Дидоязул участок (Центр Эчеда росу)** – Гьакъо, Инхокъвари, Къеди, Метрада, Сасикь, Сильди, Хъварши, ТІадхъваршини, Гьоркь Хъварщини, Хьвайни, Хушет, ЦІихалакъ, Эчеда, Асахъ-Мокьокъ, участкаялъул начальникасул кумекчи вукІана Кидеро росулъ – Кидеро, Сагъада, Лъацуда, Хотлинское?, Шагьикь, Шапихъ.

Округ ДАССРалда гьоркьобе бачана 1921 соналъул 20 январалда ВЦИКалъул декреталдалъун. ДАССРалъул ЦИКалъул VI ахІиялъул 4 сессиялъ тасдикъ гьабураб Дагъистаналда районал гІуцІиялъул 1928 соналъул 22 ноябралда гьабураб проекталда рекъон округалъул ракь бикьана Болъихъ, Гумбет, КъахІиб ва Эчеда районазда гьоркьоб.

Аслиял административиялгун территориалиял гІуцІабилъун рукІана росабазул советал цолъизарурал участкаби. ДАССРалъул ЦИКалъул президиумалъул 1926 соналъул 28 марталда гьабураб хІукмуялдалъун участкаби къана.

1920-1926 соназда округалда рукІарал участкаби: ГІанди, ГІахьвахъ, Гумбет, Дидо, КІаратІа, ТІехІнуцал, ТІинди - ЧІамалазул, Ункъракь.

*(Хадусеб букІине буго)*

***Пайзула ПАЙЗУЛАЕВ***

# Цебе магIарул газеталъ сундул хIакъалъулъ хъвалеб букIараб?

## «МагIарулав» газеталдаса

### Ракьазул дарам жеги тун гьечIо

Гумбет районалъул Гъоркь Инхо росулъ ракь бичи ва боси жеги тун гьечIо.

1. Исана лъеберабилеб соналъ бичана ГIайшат ГъазимухIамадил ясалъ ГIорутIаса чиясе хер бецулеб бакI.

2. Таймасхан ЖабрагIилил васас бичана гIорутIисесе харибакI.

3. МухIамад ГъалбацIил васас босана ГIайшат ГъазимухIамал ясалдаса ах гъутIбиги ругеб бекьулеб бакI.

4. НурмухIама ГIамирил васас босана ГIайшат Нажмудинил ясалъухъа гъутIби ругел бакIал.

Ракьазул идараби гьазухъ ралагьизе ккела.

*Бихьун лъалев*
*«МагIарулав» газета 1931 сон*
*№11 13 февраль*

### Кинаб районалда кигIанасев «МагIарулав» вугев

1. Гъуниб – 1333
2. Хунзахъ – 2166
3. Болъихъ 732
4. КъахIиб – 203
5. ЦIумада – 388
6. ЛъаратIа – 40
7. ЧIарада – 254
8. МахIачхъала – 552
9. Гъазибег – 1224
10. Буйнахъск – 900
11. Гумбет – 254
12. БатIи – батIиял рахъазда – 126

Кинабниги 8172

*№28 25 март*

### Кулаказул рачI кколеб батком (батраказул комитет)

Болъихъ районалъул Гъагъалъ росулъа Жамал Гъазанап-баткомас гьарурал бегьуларел хIалтIаби.

1. Гьав гьалмагъас жиндир гIагарав Гъагъалъа кулак Зангу ХIажиевасухъа ришваталъе босана анлъго гIиялъажо, гьесул гIи рикIкIине магIарде унеб къоялъ.

2. Гьав Жамалица ГIалибег ХIажиевасул васасдаса ришваталъе босана 2 лемаг нужей кумак гьабилин абун.

Дида ракIалде ккола гьадинал кулаказул рачI кколел гIадамазухъ тIадаб идара балагьилин.

*Цералъул рачI*
*№28 25 март.*

### Гьав чи нижер чи гуро

ЛъаратIа районалъул исполкомалъул секретарьлъун чIезе гьавун вуго Гъуниб районалъул Ругъжаса Гъази ГIисал вас жиндий индивидуальный налогалъул 1200 гъурущ рагIизеги гьабун, гьебги бахъун арав чи.

Лъаларо Ругъжаса ЛъаратIе вачIунилан асда тIаса кулаклъи кин арабали ва райкомпартияги кибе буссун букIарабали ав секретарьлъун толеб мехалъ.

ТIадал идараби, гьаб ишалъухъ хехго балагье.

*Ручка*
*№ 23 25 март*

## «Социализмаялъул байрахъ» газеталдаса

### Дагъистаналда цIияб тIадегIанаб мактаб

Дагъистаналда МахIачхъалаялда рагьулеб бугеб тIадегIанаб мактаб – агропединститут Дагъистаналъе гуребги, гъарачаял, балкар ва гьабардиназулги хъулухъ тIубалеблъун букIине буго. Улкаялъул миллатазул Советалъ крайздравалда тIадкъалеб буго хасаб медик институт ва рабфак гьабе абун Дагъистаналъул магIарулазе гIоло.

*№10 25 октябрь, 1931 с.*


tolgo ctrjalalul porolitaral sole nuz!
Sosializmajalul bajrax
daq part komalul, daqsikalul va daqsavporop sajozalul organ.
16 - nojabir 1931 son. № 14
sosiaalist bozzi xixi ssebetezabize qerqaraLux tadehanab bajrax.
„ççox" bozzi xixulebkalxozalul t. s. k (b) p. d k va d k k jalul pilenumalde kaqat.
adal gazetazul halti exedi borxizi habi.
qadal gazetal zahmat ci hunzzlelun buka.
adal gazitazbitun kalasib qerqe billanxizi habi zi kkola

### ЦIумадисел цере

ЦIумада районалда нухал гьечIолъиялда данде рагъ гьабизе бетIералде босун речIа-регIун гьеб иш тIубазабулел районазул цояб буго. Гьениб 1 сентябралдаса байбихьана хIалтIуде. Гьеб къоялдаса бахъараб 29 сентябралде щвезегIан Болъихъ – ЦIумада нух гьабулеб бакIалда 1145 чи хIалтIун 2200 хIалтIул къо гьабуна. Райисполкомалъ гьабизе бугеб хIалтIул чIванкъотIараб план бахъун букIана. ХIалтIи гьабизе болжал, хIалтIулел чагIазул къадар ва гьел рачIунел бакIал дурусаб хIалалда рихьизарун рукIана.

*№11, 30 октябрь, 1931 с.*

### ЦIунтIа хIалтIи кьижун буго

ЦIунтIа районалъул Шаури Совет ва жамагIаталъул гIуцIабазул цIиралел ригьзабазул хIал мекъаб хIалалда буго. Анжиялдаса вачIун вукIарав техникги тIагIана, киве арав лъачIого, цодагьал кепкалги вархьизе гьарун. Гьел ралел ригьзабазеян абун 2000 гьветI къотIун гIодобе рехун буго, гIемераб гIарацги кьун. Амма гьеб цIул хъухъазе ва рукъзабазе къучI тIамиялъул агъаз гьабулев чи гьечIо. Гьел 1931 соналда тIуразе кколел ригьзал рукIана. Райисполком парахатго гьеб ишалдаса гIинкъго, гIодов чIун вуго хIалхьуда.

Гьезего гьечIел мискинзабазул рукъзалги ккун, районалъул хъулухъчагIиги руго жанибе бетIер бегьизе бакIги гьечIого. Гьединго рохь гъурарал хIалтIухъабиги руго гьабураб хIалтIухъ гIарацги щоларого хьвархьвадилел. БукIарабниги гIарцуда техникасги кIутIун буго, ЦIороб щиб, ЦIунтIа щиб гьакълида хадув чIун. Эсул хиял букIун буго гьаб мухъалдаго мехтулеб жоялъул асар теларин абун. Гьанже мехтел лъугIичIого, гIарац лъугIун, ав цевесан хьван вуго.

*№13, 13 ноябрь, 1931 с.*

### Сулахъ гIорда гьабулеб истанциялъе планалъе хасаб бюро гьабун буго

Москва 13. XI. Лъел электрик гьабиялъул тIадегIанаб идараялъ Дагъистаналда кутакаб лъел электростанция гьабизе, Сулахъ гIоралда кIудияб энергиялъул бакI баялъе проект гьабизе хасаб бюро гьабун буго. Гьелъие башинженерлъун американав, кIудияв испециалист мистер Торфен ва гьесул кумекчилъун совет инженер Корягин вихьизе гьавун вуго. Сулахъстроялъул схемаялда 10 установка гьабизе кинабниги цо миллион киловатт кутаклъун букIине буго. ТIоцебе ЧIикIаб станция гьабизе буго, гьелъулги 350 азарго киловатт кутак букIине буго. Гьениб дунялалдаго бищун борхатаб (200 м.) бугеб сангар гьабизе хIисабхун кIудияб лъел хIор 2 ½ миллиард куб. метр лъел жаниб бугеб лъугьине буго. Гьеб станциялъул цо киловатт 0,6-0,8 кебекалде ккезе буго.

*№16 16 ноябрь, 1931 с.*

### Гьанжениги избач нижееги рагьизе ккела

Гъазибег районалъул Алмахъ росу буго 560 цIараки жинда жаниб бугеб лъаялъул рахъалъ нахъе ккараб росу. Гьениб гьечIо халкъалъе жинда жанисан лъай щолел рукъзал избач ва цойгидалги, районалъул щибаб росулъ ругониги.

ТIадаб идараялде ахIи буго 32-абилеб соналъгIаги жаниб избачги гьабун отаразда щущараб халкъалъе лъай кье абун.

*Комсомол*
*№11 24 февраль, 1932 с.*

## «МагIарул большевик» газеталдаса

### Кулак кIочон тун вуго

ГIахьвахъ районалъул ТIадмагъилъ абулеб росулъ вуго Ибрагьимхалил Гъулбушов абун цо кулак. Гьесда 1935 аб. соналъ индувидуальный налог лъун букIана. Рокъоб бугеб къайиги бахчун, гьанибе-добеги хъван гьеб гьоркьоб ине гьабуна. ГьабсагIатги жеги 33 аб. соналъул ялъуни цIияб соналъул налог гьес кьечIо. Жеги налоговой спи-


Maḩarul BOLŞEVIK
„Большевик гор"
Ḩurxi zunulez 15 son ţubaj

сокалдацин щибниги жо хъван гьечIо. Киналго мискинзабаздаса босаниги, гьесдасан 33, 34 аб соналъул гьанал налогги босун гьечIо. Гьединго 1933 аб. соналъ гьесул бугеб жо бахъизе судалъ хIукму гьабун букIана. Гьелъулги сихI-махI къотIана. Паракъат щибго хъвалеб жоги гьечIого, кепалда кулакги вуго. Кулаказе гьабулеб жо гьечIилан гаргалел мискинзабиги руго. ТIадал идараби балагьун, кулаказеги кколеб закон билълъинабизе ккола.

*Ручка.*
*№6, 18 октябрь 1931 сон*

*П. ПАЙЗУЛАЕВАСУЛ «Заманаялъул матIу» абураб тIехьалдаса*

## ТАРИХ

# ГIуммаханасул асарал

*(Эсул мирзаяс (кагъат хъвалев чияс) жидерго тIехьалда хъван батана гьаб жо)*




**ГIумма-нуцалгун гуржиязул ГIалискандри-хан. Сурат бахъарав – Х. Мусаясул.**

Жидедаги (нижедаги) Шамахалъул гIадамаздаги гьоркьоб рекъел ккана 1200 соналъ (байбихьана 3.11.1785 с.). Щибаб соналъ ихдал (ай гьадаб жидерго (нижерго) къотIи ккараб ихдал заманалда) щунус-нус тумен жидее (нижее) кьезе. Гьанже нижеца витIидал 1201 соналъ (байбихьана 23.10.1786 с.) нижерго чи эб босизе, эз къотIуе хилиплъи гьабуна, магъалоги кьечIо. Ниж цинги энире боялгун рахъана. КIиабизеги нижер къотIи ккана, рехсараб 500 тумен гIарац нижее кьезе. Ниж нахъруссана. Нижеца эзде чи витIана 1202 соналъ (байбихьана 12.10.1787 с.). КIиабилеб соналъги магъало кьолеб заманги щун, эз эниса 1000 тумен гIарац бачIана, доб цебесеб соналъ хутIарабги тIад лъун. Жойисаги витIана нижеца эниве чи хасалихъе мехалъ 1203 соналъ (байбихьана 1.10.1788 с.). Эз эв нахъчIван вачIана, заман щвечIилан (ай ихдал заман щвечIилан). Эз дагьа-макъабго гьадиятги бачIана. Гьанже гьаб араб ихдал гьадаб заман щвечIилан кьечIогун тараб магъало кьезе заман щвана. Гьанже нижеца эб босана. Эбги босун хадуб, нижее бокьани, бачIунеб хасалихъе нижеца эздасаги нусиялда кIикъоялда анцIго туменги босила. Ялъуни, нижееги бокьани, ихдал цадахъ щунусабго босизе тела 1204 соналъ (байбихьана 21.09.1789 с.).

***ТIехьалда бугеб куцалда кьолеб буго.***

***«МагIарулалъ хъварал тарихиял асарал» абураб тIехьалдаса***

## БИТIИЗАБИ

**Газеталъул цебесеб номералда, 1819 соналъ магIарулазул росабиги росабалъ рукIарал цIаракиялги абураб макъалаялда гъалатI ккун буго.**

**КъахIиб росулъ букIун буго 440 цIараки, хъван ун буго 300 абун. Гъоркьабакълъухъ букIун буго 490, хъван буго 90 абун.**

## ЛЪАЗАБИ

**2012 соналда Гъуниб районалъул Гьонода росдал гьоркьохъеб школалъ Мирзоева ПатIимат Сайгидовалъе кьураб гьоркьохъеб лъай щвеялъул аттестат АБ №0025556 билун букIиналда бан, рикIкIуна хIакъикъияб гуреблъун.**

**Гумбет районалъул Бакьулъ Гьарадерихъ росдал жамагIатчагIиги данделъун, Россиялъул федералиял (ФЗ №82, ФЗ №104) къануназде, Россиялъул хIукуматалъул постановлениялде (N236 от 28.03.2001) ва Дагъистаналъул ПачалихъияБ советалъ къабул гьарун рукIарал хIукмабазде (N191 от 18.10.2000) мугъчIвайги гьабун, къотIи гьабуна «Территориально-соседская Община коренного малочисленного народа аварцы «Арадирихцы» абураб цIияб жамгIият гIуцIизе. КъотIиялда рекъон учредителаз гьебги гIуцIана.**

**Гьаб лъазаби бихьун яги цIалун хадуб нужер суалал ратани, гьел кьезе бегьула учредителазул цояв - ГъазимухIамадов Камилие, телефоналъул гьаб номералдеги кIалъан: +7 928 540-51-85.**

## РАГIИКЪОТI




**ГIебеде:** 1. ГIалхул хIинчI. 6. Бахчадул культура. 9. СШАялъул штат. 10. ГIодобе биччай. 11. Ханасул рагъухъан. 12. Кванил тайпа. 14. Классалда хъвай-хъвагIай гьабулеб алат. 17 ГIатIидаб майдан. 20 Пикру цIубачIев чи. 22. … ТАСС. 23. Сурат жаниб лъолеб алат. 24. Инсанасул хIурмат гьаби. 25. Низамалда чIун, цокIалаб рилълъада аскар ин. 26 Холодильниказул цо тайпа. 28. Буюрухъ. 29. Нухмалъиялъул бакIазул гIаммаб цIар. 30. Россиялъул областалъул центр. 33. Чабхъад ун щвараб буголъи, мал. 36. Краснодар краялда бугеб шагьар. 39. Лъималазул унти. 40. Москваялъул машгьураб цо авал. 41. Росдал магIишаталъул, ракь хIалтIизабиялъул специалист. 42 .Инсанасул лага. 43. Харж, мухь.

**ГIодобе:** 1. Багьа хирияб металл. 2. Муса МухIамадовасул тIехьалда цIар. 3. Кванилъ хIалтIизабулеб лъамалъи. 4. Лъамалъи борцунеб роцен. 5. Налъи, тIадаб иш. 6. РачI къокъаб гьой. 7. ЦIорол цIарагI. 8. ГьитIинаб гьветI. 13. ЦIадаса ХIамзатил «Айдемир ва Умайгьанат» пьесаялъул гIахьалчIужу. 15. СШАялда ва Канадаялда бугеб хIор. 16. Венесуэлалъул тахшагьар. 18. Европаялъул пачалихъалъул тахшагьар. 19. ТIадегIанаб рагъулабгун ралъдалаб чин. 20. ЦIоросаролъул гIуцIиялъул цояб. 21 ТIех балеб таргьа. 27. Жаниб пихъ лъолеб алат. 30. Северияб Кавказалда бугеб гIор. 31. ТIохда бачунеб ганчIил герело. 32. Ругънада бухьунеб бинт. 33. Литературияб жанр. 34. ЧчугIил тайпа. 35. Сигаратезул цо тайпа. 37. ЛъагIалил моцI. 38. Австриялъул тахшагьар.

***ГIуцIана ГIалиасхIаб ДАВУДМИРЗАЕВАС,***
***ЧIарада район, Гьочоб росу***

**12-аб. номералда лъураб рагIикъотIалъе жавабал:**

**ГIебеде:** 5. Артиллерия. 7. Кино. 8. ХитIаб. 11. Дания. 12. Тавбу. 13. Диктор. 15. МугIалим. 16. Воркута. 18. Стамбул. 21. Боливия. 22. Тамбов. 23. Арена. 25. Басня. 26. Авлахъ. 27. Иман. 28. Копенгаген.

**ГIодобе:** 1. Армия. 2. Синоним. 3. Фетисов. 4. Сипат. 6. Макулатура. 7. Килас. 9. Банк. 10. Абитуриент. 13. Диспут. 14. «Ростов». 17. Хъизан. 19. Мина. 20. Лазарет. 21. Боливар. 24. Автор. 25. Балет.

ХIАКЪИКЪАТ

**БетIерай редактораlъул ишал тIуразарулей**
ХIАЖИЕВА Зульфия Багъатаровна
65-00-66

**Заместитель**
Зикрула ИЛЬЯСОВ

**Жавабияв секретарь**
МухIамадхIабиб МАХIАТIОВ

**Отделал:**
**Тарих**
Редактор:
**Пайзула ПАЙЗУЛАЕВ**
МухIамад Манапов

**Информация, политика, гIелму ва лъай кьей**
Редактор:
**Кавсарат Сулейманова**
Ашахан Юсупов
Рукъият ГIалисултанова

**РухIияб хазина**
Редактор:
**ПатIимат ГьитIинова**
ПатIимат СултIанмухIамадова

**Адабият**
Шамай Хъазанбиева

**Росдал магIишат**
Редактор:
**ГIабаш ГIабашилов**
ПатIимат МухIамаева

**ЦIалдолезул кагътал**
Нури Нуриев
ГIайшат ХIалакъова

**Корректор**
Хадижат Дамаданова

**Социалиял гьинал, IT-технологиял**
МухIамадкарим ХIамзаев

Электронияб почалъул адрес:
**hakikat1917@mail.ru**
**www.hakikat.info**

Заказ №____
Печаталъе гъулбасана - 20.00
Гъулбасана - 19.00

**РЕДАКЦИЯЛЪУЛ ВА ИЗДАТЕЛЬСТВОЯЛЪУЛ АДРЕС:**
367018
МахIачхъала,
Насрудиновасул проспект, I-А
Газета къватIибе биччана «Лотос» басмахана»
ОООялъ
367000, МахIачхъала
Пушкинил къватI, 6

«ХIАКЪИКЪАТ» ГАЗЕТА ГIУЦIАРАЛ:
ДРялъул Информациялъулгун печаталъул агентство

Газета зарегистрирована Управлением Федеральной службы по надзору в сфере связи, информационных технологий и массовых коммуникаций по РД от 21.05.2019 г.

Регистрационный номер ПИ № ТУ05-00427

Макъалабазда рехсарал хIужабазул, тарихазул, балъголъи гъорлъ бугел ва цогидалги баяназул жаваб авторас кьола.

Редакциялъ кидаго гуро макъалаялъул авторасул пикру гIахьал гьабулеб

**Тираж - 5009**

Газеталъул индекс:
51314
(бащдаб лъагIалие)

Багьа 15 гъурущ

БатIи-батIиял соназда газета къватIибе бачIунеб букIана хадур рехсарал цIаразда гъоркь: «Заман», «Аваристан», «ХIалтIулел чагIи», «БагIарал мугIрул», «МагIарул мискинзаби», «МагIарулав», «Социализмалъул байрахъ», «МагIарул большевик», «Дагъистаналъул правда», «БагIараб байрахъ».